АС САЛАМ

ЦIОБ ГIАТIИДАВ, ГУРХIУЛЕВ АЛЛАГЪАСУЛ ﷺ ЦIАРАЛДАЛЪУН!

www.assalam.ru
www.islamdag.ru
№ 14 (307)
2010 с. 30 июль
1431 с. шагIбан
Газета биччала моцIида жаниб 2 нухалъ. Багьа 17 гъ.
assalamweb@gmail.com

4 Къуръан кида рештIараб?

5 БоцIи-мал бугониги мискинав...

10 Исламалъул тIалабал дица теларо...

НА АВАРСКОМ ЯЗЫКЕ

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ БУСУРБАБАЗУЛ РУХIИЯБ ЛЪАЙ КЬЕЯЛЪУЛ ГАЗЕТА

Дагъистаналъул магIаруллъиялде каву

Салатавия – имаматалда жаниб гвангъараб цIва

Мурадулагь Дадаев
ДИУ-ялъул тарихалъул кафедралъул нухмалъулев

Чабхъадуе цIар бугел
НахъбакIалъул бахIарзал
ГIиялъе хъурмал гIадин
Рахъ-рахъалъан кIанцIана,
Хвалчен, чурхдул чергесал
НахъбакIалъул бодулал,
Чурхдузда мусрал жемун
Журана росабалъе.

Салатавия (НахъбакI) – хIурият ккелалде цебе гьелда гъорлъе унаан гьанжесеб Буйнакск районалъул ЧIикIаб, Гъизилюрт районалъул ЦIобокь, Миякьо, Гелбахъ, Бавтугъай, ва Казбек районалъул киналго росаби. Гьаб макъалаялда бицен гьабулеб буго имамзабазул гIасруялда гьезул хIаракатчилъиялъул ва кIваралъул гьитIинабго бутIаялъул.

XVIII-абилеб гIасруялъул бащалъиун хадуб, Дагъистаналъул халкъазул ишазде гъорлъе жубазе лъугьана Кавказалда бугеб Россиялъул рагъулаб администрация. XIX-абилеб гIасруялъул авалалдайин абуни, гьел лъугьана гьанир колониялъулал гIуцIалаби рилълъанхъизаризе. Кавказалъул сардар Ермолов тун хадуб, хIалтIизабизе байбихьана вахIшияб къагIида, гьелъул мурадги букIана бакIалъулал халкъал мутIигI гьари, яги кьучIдасанго лъугIизари. Цициановасул къагIидабазул рахъ кколев, хъачIлъи чорхолъ бессарав гьес рикIкIунеб букIана, мугIрузул халкъал кидаго мутIигIлъиялда ва хIинкъиялда гъоркь чIезаризе кколилан. Амма я гьев зулмучиясда, я пачаясул генералзабазда, я живго пачаясда бичIчIичIо, кигIан кIудияб гъалатIлъун букIарабали эркенлъигун дин жидерго нафсаздасаги рухIаздасаги тIадегIан гьабулел магIарулаздехун гьединаб бербалагьи ва къагIида хIалтIизабизе бегьунгутIи. Гьелъул хIасилалда мугIрузул халкъ хIажаталлъун ккана ярагъ кодобе босизе. Гьезие цебехъанлъи гьабуна гIелмуялъул курмул цIурал, гъалбацIазулалдаса жидер бахIарчилъи цIикIкIарал, Аллагьасул диналдаса щибго жо цебе гьабичIел, Дагъистаналъул лъабавго имамас. Гьез гIемер милатазулаб Дагъистаналъул ва Чачаналъул халкъ цолъизабун гучаб исламияб пачалихъ – Имамат гIуцIана.

Казбек район, Дилим росу.

▸▸ 6

...ЖамагIатги хадуб билълъинарищ

Хасавюрт районалда Ислам

Хасавюрт район ккола Дагъистаналъул гIодоблъиялда ругел кIудиял районазул цояб. Гьеб гIуцана 1929 соналъ. Гьенир гIумру гьабулел руго тIолгодагъистаналъулго миллатаз. Хасавюрт районалда буго 42 «Муниципиалияб гIуцIи» ва 58 росу. БатIи-батIиял миллатазул 135 000-ялдасаги цIикIкIун чияс гIумру гьабулеб районалда берцинго цIунун буго цоцадехун адаб ва исламалъул цолъи. Гьеб район машгьураб буго чIахIиял машаихзабазул, кIудиял гIалимзабазул, хIакъал муъминзабазул ватIан хIисабалда. ГьабсагIат гьениб бугеб исламияб хIал лъаялъул мурадалда ниж дандчIвана Хасавюрт районалъул имам, Хасавюрт шагьаралъул аслияб мажгиталъул хатIиб Казим-хIажи Темирбулатовгун.

▸▸ 3

Хасавюрт шагьаралъул аслияб мажгит.

«Дица гьелъие лъикIаб тIаса бищана»

ГIуваймир бину Малик Ал-Хазражию, ал-Ансарию

ШагIбан-хIажи Рамазанов
ЛъаратIа районалъул имам

ГIуваймир бин Малик Ал-Хазражию, ал-Ансарию. ГIадамазулъ Абу-Дардаъ абун машгьурлъарав вукIана. Абу-Дардаъ (р.гI.) ккола Аварагасе ﷺ Къуръан цIалаазул цояв, берцинго Къуръан цIализе махщел бугел щуго асхIабасул цояв, Аварагасул ﷺ заманалдаго Къуръан данде гьабуразул цоявги.

Исламалде вачIин

ТIоцеве гьев вукIана хъанчие лагълъи гьабулев чи. Цо къоялъ радакьего вахъун гьев ана бищунго лъикIаб бакIалда бараб жиндирго хъанчалъухъе. ЦIакъ лъикIал, гьуинал махIал рахана гьелда, Еменалдаса вачIарав базаргасухъа босараб цIакъго багьаяб цIияб дараялъул ретIелги ретIана. Гьедин гьебги тун бакъ баккарабго базаралде иналъул къасдалда рокъоса къватIиве лъугьана Абу-Дардаъ. Ясрибалъул къватIал цIун рихьана гьасда. Бичасул ﷻ Аварагасул ﷺ асхIабзабаз цере къотIулел къурайшиязул асиралги рукIана гьенир. Гьеб букIана Бадруялъул гъазаваталдаса асхIабзаби тIадруссараб заман. Гьел рихьаралго Абу-Дардаъ гIедегIана Хазражазул цо гIолохъанчиясухъе ГIабдуллагь бину РавахIатил къисмат цIехезе. Полохъанчияс гьесие бицана ГIабдуллагьица гъазаваталда рихьизарурал гьунаразул ва сах-саламатго рокъов тIадвуссанин. Киналго гIадамазда лъалаан Абу-Дардаъги, ГIабдуллагь бине РавахIатти вацлъи рагIизабурал чагIи рукIин ва гьес ГIабдуллагьил цIехеялъ гIолохъанчияс щибго гьелда гIажаиблъи гьабичIо. Ислам бачIун хадуб ГIабдуллагьица гьеб къабул гьабуна, Абу-Дардаъ гьесдаса вуссана. Кинниги гьаб рикьиялъ гьал ратIа тIечIо. ГIабдуллагь гьоркьоса къотIичIого вукIунаан Абу-Дардаие вагIза гьабулев, гьев исламалде ахIулев, гьесул ширкалда унел къоязда барахщун вукIунаан гьев. Цинги, базаралда гьесул букIараб борхатаб бакIуялда гIодовги чIун жиндирго дармиде вуссана Абу-Дардаъ. Базаралда жиндирго хъулухъчагIазда малъахъваял гьарулев гьесда рокъоб лъугьунелъул щибго лъалеб букIинчIо. Гьеб заманалда Абу-Дардаихъе насихIаталъе вачIарав ГIабдуллагьида ва МухIаммад бину Масламатида гьесул рукъалъул нуцIа рагьун батана.

▸▸ 7

Щив чи вугониги дунялалда жа (гIаракъи) гьекъон, Аллагьас ﷻ ахираталда гьелдаса махIрум гьавула. (ХIадис)

Дагъистаналда

«Дагъистаналъул къварилъи – нижер къварилъи ккола, гьезул рохелги нижер рохел буго»

Чачаназул муфти СултIан-хIажи Мирзаев

МахIачхъалаялда тIобитIана Дагъистаналъул президент МухIаммадсалам МухIаммадовичасулги Чачаналдаса бачIараб вакиллъиялъулги данделъи. Гьезул бетIерлъуда вукIана Чачаназул муфти СултIан-хIажи Мирзаев. Данделъиялда гIахьаллъана ХIукуматалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ризван Къурбанов, Дагъистаналъул миллияб политикалъул, диниял ишазул ва къватIисел бухьеназул министр Бекмурза Бекмурзаев, Дагъистаналъул Динияб идараялъул председатель, муфти АхIмад-хIажи ГIабдуллаев ва цогидал.

Дагъистаналъул бетIер МухIаммадсалам МухIаммадовас кIвар буссинабуна Дагъистаналъулги Чачаназулги лъикIаб гьоркьоблъиялде. КIиябго республикалъул нухмалъулезда къокъабго заманалда жаниб лъикIаб гьоркьоблъи гIуцIун бажаранин, гIемерал суалал цоцада божилъигун тIуразе кIванин абуна гьес. Дагъистаналъул президентасе жавабалъего гIадин Чачан республикалъул муфтияс абуна: «Дида ккола Дагъистан дирго ракь бугин. Дун гьанив гьавуна, гIуна, цIалана. МахIачхъалаялда вукIадго армиялде хъулухъалъе ахIана. Дие цIакъ бокьула Дагъистан ва хIурмат гьабула гьелъул гIадамазул. Дагъистаналъул къварилъи – нижер къварилъи ккола, гьезул рохелги нижер рохеллъун буго», – ян.

Хадур гьел данделъана Дагъистаналъул Динияб идараялда ва гьенирги гьоркьор лъуна кIиябго рахъалъе маслихIатал суалал.

Россиялда

Алкоголь хIалтIизабурав чи рулалда нахъа гIодов вукIине гьукъараб закон тIадбуссинабуна

Гьал къоязда Госдумаялъ цIигьабуна кигIан дагьабниги къадар гIаракъи-чагъиралъул гьекъарав чи рулалда нахъа гIодов вукIине гьукъараб закон. РФ-ялъул административияб кодексалда цебе изну кьун букIараб норма гьанжеялде нахъе бахъана. Дагьабго къадар этилалъул спирт чорхолъ бугони цебе изну букIана рулалда нахъа гIодов вукIине. Цебе бегьулеб букIараб батани 1 литр биялда гьорлъ 0,3 грамм мехтизарулеб жоялъул, ялъуни цо литр босулеб хIухьелалъулъ 0,15-ялде щвезегIан миллиграмм, гьанже гьебги гьукъун буго. КIиго соналъ цебе «Сухой закон» машина бачунезе букIинчIо. 2008 соналъул 1 июлалда бахъун букIана цIияб норма. Гьелда рекъон 0,3 промилле (алаталдалъун борцунеб къадар) алкоголалъул бидулъ бугони машина бачине изну кьолаан. Гьеб кколаан пивоялъул бащадаб литра, ялъуни 40 грамм гIаракъи, яги хъахIаб чагъиралъул цо бокал, гьебги 80 киллограмм бугев бихьинчиясе. Гьанжеялдаса нахъе цо къатIрацин алкоголалъул чорхолъ батани, изну кьун гьечIо гражданазе рулалда нахъа гIодов вукIине ва машина бачине.

«Северияб Кавказалъул тIолго халкъазул къисмат цо буго ва рухIияб хазина цо буго»

В.В. Путин

6 июлалда единороссаз гьоркьоб лъолеб букIана «2020 соналде щвезегIан социалиябгун-экономикияб рахъалъ Северияб Кавказ цебетIей» абураб суал. Кисловодск шагьаралда «Единая Россиялъ» тIобитIараб конференциялда кIалъазе вахъунаго В.В. Путиница абуна:

«ХIурматияб Северияб Кавказалъул халкъ!

Чанги гIасрабаца гьаб ракьалда гIумру гьабуна батIи-батIиял миллаталъул гIадамаз. Нусгоялдасанги батIияб мацIалда кIалъалел гьел, къисмат цоцалъ рухьарал ва рекъон гIумру гьабулелги рукIана. Гьел цолъун рукIана Кавказ абураб гIаммаб цIаралда гьоркь. Динги гIадат-гIамалги батIияб букIаниги, рухIияб хазина гьезул кидаго букIана хиси гьечIеблъун. МугIрузда гIумру гьабун ругезеги, хъазахъазеги, насраниялгун бусурбабазе хасиятаб буго цого жо – кIудиясул адаб гьаби, кьолбол мугьру цIуни, захIмат ва ВатIан бокьи.

Нужеда цадахъ рахъун нижецаги цIунана гьаб ракь, гьебги цо нухалъ гуреб. Гьанже, цебетIеялъул нухде дагьабго гали бегьараб мехалъ, кинабгIаги рухIияб ихтияр гьечIо нилъер нахъе къан чIезе. Нилъее киназего хIажат буго рекъел ва Кавказ цебетIолеблъун букIин. Щивасда тIадабги буго нилъерго квераздалъун, ракIбацIцIадаб хIалтIудалъун, нилъеегоги наслабазеги талихIаб букIинесеб гIуцIизе», – ян.

Дунялалда

Малайзиялъул ракьалда «ГIолохъанав имам» абураб цIияб хIай бакана

Малайзиялъул кабель бачун хIалтIулеб телевидениялъ эфиралде биччан буго «ГIолохъанав имам» абураб цIияб хIай (реалити шоу). Телевидениялдасан гьеб проект биччаралдаса нахъе гIадамазул кутакаб гъира бахъана ва лъикI къабулги гьабуна жалго проект гIуцIаразда ракIалда букIинчIебгIан къуватаб. Сордо-къоялъ гьоркьоса къотIичIого камералдасан бахъулеб буго гьел гIолилазул гIумру ва бихьизабулеб буго телевидениялдасан гьез гьабулебщинаб гIамал. Жидеего бокьун гьеб хIаялде рачIарал гIолилал цо пуланаб бакIалда жанирги рукIуна ва финалалде щвезегIан гьезда гьоркьоб къец тIобитIула, цере чIарал масъалаби тIуразарула.

«Имам мудаялда» бергьарав ва приз босарав имамасе бищун кIудияб аслияб сайгъатлъун бихьизабун буго Маккаялде хIеж борхизе сапар, СагIудиязул бищунго лъикIал университетазда чIорого цIализе ритIи ва Малайзиялъул бищунго лъикIаллъун рикIкIунел мажгитазул цоялда имамлъун хIалтIизе рес кьейги. Амма цоги улкабазда тIоритIулел реалити-шоуязда релълъарал гьечIо къецал, хIалбихьиялги бигьаял гьечIо гIолилазе. Байбихьудасанго гIолохъанал имамзабаз суалазе жавабал кьезе ккола Къуръаналдаса аятал рекIехъе цIалун. Хадуб букIине кколеб даражаялда чуризе ккола хваразул жаназа, цо гуреб – кIиго жаназа, гьебги тIадегIанаб лъай бугеб хIурматияб жюриялда цебе. ТIарамагъадисеб хIалбихьиги исламалъул хIакъалъулъ жидерго бугеб лъай тестаздалъун бихьизаби букIине буго.

ЦIорода жанисан бихьизабулеб гIолохъанал имамзабазул гIумруялда, рукIа-рахъиналда хадур халккун, гьезухъ ракIунтун балагьун ругин абизе бегьила тIолго Малайзиялъул халкъго. Щивав гIахьалчиясул жинди-жиндир рахъккуралги руго.

«Гьел хIаязда бергьенлъи босарав имам лъугьина улка чIунтиялде данде къеркьолев, рухIияб хьвадачIвадиялъе мисаллъун вугев иман бугев бусурбанчилъун», – ян абуна программаялъул куратор, Куала Лумпуралъул некIсияб мажгиталъул имамас.

Хирияб ракьалда хехаб маххул нух

«Saudi Railway Organization» цIаралда гьоркь маххул нухазул транспорталъул жаваб кьолеб СагIудиязул пачалихъияб корпорациялъ планалде босун буго 2012 соналъул ахиралде Маккаги Мадинаги цолъизабулеб хехаб маххул нух хIалтIизе биччазе. Гьелъ Жидда шагьар цолъизабизе буго исламалъул бищунго хириял ракьал Макка ва Мадинагун.

Компаниялъул пресс-секретарь МухIаммад Абузаидица бицунеб буго гьеб маххул нух лъеялда тIад хIалтIулел ругин 6 компаниял (бакIал раялъул къокъаби). ЦIияб маххул нух лъолеб буго Жиддаялда, Маккаялда, Мадинаялда, «ГIабдуллагь къиралаcул магIишатияб шагьаралда». Гьеб ккола улкаялъул магIишатиябгун даранбазаралъул аслияб бакI.

Хехаб маххул нух лъеялъул мурадги ккола чанги миллион хIажичиясе хIаж борхиялъул нух бигьа гьаби. Цо рахъалъ ралъдал порт, цогидаб рахъалда аэропорт бугеб Жидда шагьаралде ва гьенисан Макка-Мадиналде хехго щвезе рес кьезехъин буго гьеб маххул нухалъ ва къокъаб заманалда жаниб хирияб ракьалъул хириял бакIазде миллионал бусурбабиги щвезехъин руго. ЦIияб нух лъеялъе СагIудияз биччан буго ва хIалтIизабулеб буго 5 млрд. долларалдасаги цIикIкIун гIарац.

ЦIиял харбал росана www.islamdag.ru сайталдаса

Учредитель
Благотворительный фонд "Путь"
Газета печатается с согласования и одобрения Духовного управления мусульман Дагестана

Редакциялъул совет
АхIмад-хIажи ГIАБДУЛАЕВ
Магьди-хIажи МУТАГIИЛОВ
МухIаммадрасул-хIажи САГIАДУЕВ

БетIерай редактор
ПатIимат ХIАМЗАТОВА

Редактор
ГIабдуллагь-хIажи МУХIАММАДОВ

Къанунияв редактор
МухIаммад-хIажи МУХIАММАДОВ

Жавабияв секретарь
АхIмад МУХIАММАДОВ

Корреспондент
ХIалимат МУХIАМАДОВА

Компьютералъул гIуцIи
ГIиса ГIУМАРОВ
Гульнара ГIАБДУЛАЕВА

Корректор
ИсмагIил ТАЙМАСХАНОВ

Менеджер
МухIаммад ХИРЯСУЛАЕВ

При перепечатке ссылка обязательна
Газета набрана и сверстана на компьютерной базе «Ас-салам»
Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций.
Свидетельство о регистрации ПИ № ФС 77-37006 от 29 июля 2009 г. Индекс 51329.
Тираж 27 350 экз. Заказ № 1584

Отпечатано в ГУП МО «Мытищинская типография» по адресу:
141009, Московская область,
г. Мытищи, ул. Колонцова, 17/2.
Сдано в печать 26 июля 2010 г.
Редакциялъул адрес:
367015 ДР, МахIачхъала шагьар,
ГIазиз ГIалиевасул цIаралда бугеб къватI, 2
Телефон: 8-988-699-28-24
E-mail: assalamweb@gmail.ru, **web:** www.assalam.ru

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола

ГIадамазул бищун мунагьал гIемерав чи ккола – пайда гьечIеб жоялъулъ бищун гIемер кIалъалев. (ХIадис)

…ЖамагIатги хадуб билълъинарищ

Темирбулатов Казим–хIажи МухIаммадрасулович, гьавуна 1976 соналъ Казбек районалъул Дилим росулъ. 1991 соналъ, 9 классги лъугIизабун, байбихьана гIелму цIализе. 1992 соналъ гIелму тIалаб гьабун ана Сириялъул тахшагьар Дамаскалде ва гьенив 5 соналъ цIалана. Рокъове тIадвуссун хадув цIалана Дагъистаналъул машгьурав гIалимчи Бакълъухъа ГIабдулгъапурил МухIаммадихъ. 2000–2009 сонаца хIалтIана Дилим росдал ва Казбек районалъул имамлъун. ГьабсагIат хIалтIулев вуго Хасавюрт районалъул имамлъун. Буго хъизан, гIезарулел руго васги ясги.

1 «

– Казим-хIажи, бокьилаан Хасавюрт районалда исламалъул иш кинаб даражаялда бугебали бицани?

– Хасавюрт район ккола миллатал гIемераб ва кIудияб район. Цогидал бакIазде дандеккун гьаниб хIалтIи билълъанхъизабизеги захIмат букIуна. ЖамагIатазда гьоркьор батIи-батIиял рикьалаби рукIуна. Жив-живасе бокьула жиндирго пикру чIезабизе. Къуръан-хIадисалъ тIалаб гьабулеб гIадин цо динияв бетIерасда нахърилълъунелани киналго жамагIатал (ай муфтиясда нахъ), рикьалаби тIагIинаан рукIарал ва тIолабго Дагъистаналъул жамагIат цолъилаан букIараб. Кинабго хIисабалде босун, квеш бугин абизе бегьиларо гьоркьохъеб хIал буго исламалъул.

Киналго росабалъ руго мажгитал. Руго лъикIал жамагIатал. Амма мадрасаби киналго росабалъ гьечIо. ЛъикI букIинаан жив-жив росдал имамас гIелму тIалаб гьабиялъе ресал чIезаруни. Мадраса абун цо хасаб рукъ гьечIониги, мажгиталда жанибги бегьулелъул гIелму цIализе. БацIцIадаб гIелму щвеялдалъун гурони гьечIо нилъее ва гIун бачIунеб гIелалъе талихIгун хвасарлъи. Амма лъазе ккараб цо шартI буго – гIелму босизе ккола рацIцIадал, гIелмуялда гIамал рекъарал, агьлу суннати вал жамагIаталъул игIтикъад бугел гIалимзабаздасан.

– ДагIваталъул хIалтIи кин унеб бугеб?

– Гьаб районалда дун цIияв чи вуго. Жеги киналго росабалъеги щвечIо. Хьул буго Аллагьасде ﷻ лъикIаб хIалтIи гьабизе тавпикъ кьелин. Районалда хIалтIи гьабизе ресал руго нилъерго гьиммат бугони.

БитIун бицани дун дунгоги рази вукIунаро дирго хIалтIуда, щайгурелъул нилъедаго хIалкIолеб къадарцин хIалтIул исламалъе нилъеца гьабулеб гьечIо. Гьеб рахъ хIисабалде босун нилъ кидаго тавбуялда рукIине ккола Аллагьасда ﷻ цере. ХIаракат бахъула росабалъ, ай рес бугеб бакIалда, мажлисал гьаризе, амма цо-цо имамзабаз гьеб къабул гьабуларо. Рес букIадго абизе бокьун буго Аллагь ﷻ разилъагийин Сивухъ росдал имам Ражабидаса, лъикIаб хIалтIи гьабулеб буго гьес исламалъе гIоло. Цогидал имамзабазеги гьесдасан мисал босизе рекъараб букIинаан.

– Казим-хIажи, гьаб заман буго захIматаб, гIала-гъважа цIикIкIараб, диналда жанир рикьалаби гIемерлъараб. Вагьабиязул мекъаб игIтикъадалъулгун жидер пикру гIахьал гьабулел чагIи ругищ нужер районалда?

– Районалда камуларо вагьабиязул мекъаб игIтикъадалъул пикру гIахьал гьабулелги. АлхIамдулиллагь, гIаммаб халкъалда бичIчIун буго гьезул нахъегIанал мурадал. Росдал имам мекъаб игIтикъад бугев вугони, жамагIатги гьесда хадуб билълъинарищ, Аллагьас ﷻ тIоритIарал хутIун. ХIакъаб нух ккурав вугони росдал имам, ай агьлу суннати вал жамагIатиялъул нух баян гьабулев, Аллагь ﷻ лъаялде нилъ рачунеб тIарикъаталъул хIакъикъатги бицунев, гьелде гIадамалги ахIулев, гьеб росдал жамагIаталдаги баракат лъеларищ. Гьединлъидал цIакъ хIажат буго нилъее гIелмиял мажлисал гьаризе, гIалимзабаз халкъалда хIакъикъат бичIчIизабизе. Рецц Аллагьасе ﷻ буго, камулел гьечIо гIолохъаби дагIват гьабиялъе кумек гьабулел, пайдаял дискал ва буклетал тIиритIизарулел, имамзабазе кумек гьабулел.

– Хасавюрт шагьар буго спорт цебетIураб, гьелъул нилъер Дагъистан дуниялалдаго машгьур гьабураб бакI. Гьел спортсменазулгун ва гьезул тренеразулгун рукIунищ дандчIваял? ГIаммаб куцалъ шагьаралда кинаб хIалтIи унеб бугеб?

– Жибго Хасавюрт шагьаралдаги унеб буго хIалтIи дагьа-дагьабккун. Мажгитазда жаниб анкьида жаниб цо яги кIиго нухалъ гIелмиял дарсал гIуцIула. ГIезегIанго гIолохъаби рачIуна гьел мажлисаздеги. Диналда ракI унтарал муъминзабаз жигаралда тIиритIизарула дискал ва буклетал. Гьелъие гIарцул рахъалъ кумек гьабула сахаватал диналъул вацаз. ЦIалул сон байбихьараб го нигат буго школазде, ВУЗ-азде, батIи-батIиял идарабазде вагIза-насихIат гьабун хьвадизе. Хасавюрт район спорталъул рахъалъ къуватаб район букIин хIисабалдеги босун, спортсменазулгун дандчIваял гьаризе руго. Гьеб буго гьабизе бугеб хIалтIул цо къадар. Дида рагIана цо нухалъ муфти АхIмад-хIажи ГIабдулаевас абулеб: «Хасавюрт шагьар – гьеб цебеги баракат бугеб бакI букIана, хадубги гьеб добго хIалалде сверизе буго», – ян, ай баракат гIемераб бакI лъугьине бугин.

– Казим-хIажи, «Ас-салам» газета лъалищ районалда, гьелъул хIакъалъулъ кинаб пикру бугеб жамагIаталъул? Кин гIуцIун бугеб газеталъе подписка гьабиялъул хIалтIи ва кигIанаб къадар гьелъул бугеб?

– Цогидазго гIадин Хасавюрт районалъги «Ас-салам» тIибитIизабиялъул хIалтIи гьабулеб буго, гIемерго беццизесеб хIал гьечIониги. Гьеб хIалтIиялъе нухмалъи гьабулеб буго аэродромалда бугеб мажгиталъул имам Дерметханов ХIажимурадица. Гьев живго разияв гьечIо гьабулеб хIалтIуда, гьелъги бихьизабула гьесул хIалтIулъ бугеб ракIбацIцIалъи. Амма дун, районалъул имам хIисабалда, гьесда разияв вуго, щайин абуни гьес «Ас-саламалъул» хIалтIи тIаде босун бугелъул. Авалалда гьелъул къадар

ГIусман-юрт росдал мажгит.

букIана 1500, гьесул хIаракаталъ жакъа гьеб бахун буго 3000-ялде. Почалдасанги 1000 хъван буго. Гьесул нигат буго исана 5000-ялде гьеб бахинабизе. Гьес бицунелъухъ гIенеккидал, дида бичIчIана гьесие кумек хIажат букIин гIолохъабазул рахъалъан. Иншааллагь «Ас-саламалъе» бажарараб кумек гьабизе буго. ХIакъикъаталдаги живжив имамас дагьаб цIикIкIун кIвар кьолеб букIарабани газеталъе, гьелъул къадар районалда лъикIаланго цебе инаан.

– ТIолгодуниялалъул бусурбабазе, дагъистаниязе, магIарулазе щиб дуца гьарилеб?

– Газета гьоркьоб ккун тIолго бусурбабазе, дагъистаниязе, магIарулазе дица гьарила ТIадегIанав Аллагьги ﷻ, хирияв Аварагги ﷺ разияб хIалалда хьвадизе халатаб гIумруги щулияб сахлъиги. Районалъул имам вугелъул, имамзабаздеги гьабилаан хитIаб, нилъер динияв цевехъан, муфти АхIмад-хIажиясда нахърилълъаян. Гьедин гурони нилъер хIалтIи билълъанхъуларо, баракатги лъоларо, Дагъистаналда цолъиги букIунаро. «Ас-салам» газета къватIибе биччаялда тIад хIалтIулезеги гьарила жиб-жиб хIарп рикIкIун мунагьги чураги даражаги боргьаги, балагьалги нахъчIвайги абун. Амин!

Гара–чIвари гьабуна
ГIабдуллагь–хIажи МухIаммадовас

МухIаммад ал-Гьандихъи

Бищунго лъикIаб калам – дагьаб, пайдаяб.

Бищунго лъикIаб калам ккола жиб дагьаб, пайдаяб. Нуж балагье жиндилъункъо аят гурого гьечIеб «суратул Ихлас» (къулгьу), жиндилъ бугеб пайдаялъе гIоло хира гьабун буго жиндилъ 286 аят бугеб «суратул Бакъараялдаса». НухI Аварагас битIараб нухде халкъ ахIана азарго соналъ, амма гьесда кIикъого чи гурони руссинарун божичIо. Амма нилъеда киназдаго лъала, нилъер хирияв Аварагас ﷺ цIакъ къокъаб заманаялда жаниб тIубарал икълимал исламалде рачараблъи. Щайгурелъул гьев Хириясул ﷺ букIана лъилниги букIинчIеб дагьаб, амма пайдаяб, гъваридаб, гьуинаб каламги, гIаламалъего гIураб гIакълуги сиясатги. Кинавниги гIалимасда лъазе ккола, жинца бицунеб жоялдаса кинаб къагIидаялда бицун пайда букIунебали. Чанги жагьилчи вукIуна гIалимчиясдаса рагIараб дагьаб каламалдаса пайда щолев, гьол рагIабазулъ пайда букIиналдалъун, амма гIемераб чIалгIунеб калам гьабиялдалъун гьесие зарал ккола ва гьев тIокIав гIалимчиясухъги гIенеккуларо. Мисалалъе, печалда жаниб бугеб цIа гьалаглъараб мехалъ гьелдаса пайда босун бажаруларо ва гьелдаса рикIкIалъула, амма загIипаб бугониги, чирахъалдаса гIемераб пайда босун бажарула. Гьалдасан бичIчIизе ккола щивав чиясда, хасго гIалимасда, жиндир каламалдаса мурад ва къасд гьеб каламалдаса бугеб пайда букIин. Пайдаяб калам ккола жиндилъ диналъеги дуниялалъеги пайда бугеб. ГIадада гIемер кIалъай цIакъ какараб жо буго, щайгурелъул гьелдасан баккула хIарамабги, карагьатабги калам, гIадамазул гIунгутIаби рехсей гIадинаб. Аварагас ﷺ абуна: *«ГIемер кIалъалев чиясул гъалатIал гIемерлъула, гъалатIал гIемерав чиясул мунагьал цIикIкIуна, мунагьал цIикIкIарав чиясе жужахI рекъараб буго»*, – ян. Гьединго Аварагас ﷺ абун буго: *«ГIадамазул бищун мунагьал гIемерав чи ккола – пайда гьечIеб жоялъулъ бищун гIемер кIалъалев»*, – ян. РабигIу бину Хайсамица рогьаралдаса къасилъизегIан жинца абурабщинаб рагIи хъвалеб букIун буго, цинги къаси гьеб кагътидасан жиндиего хIисаб-суал гьабулеб букIун буго. Анас ибну Маликица бицана: «УхIудалъул къоялъ шагьидлъарав цо гIолохъанчиясул чехьалда гамачI бухьун букIана вакъиялъул кутакалъ, цинги гьесул эбелалъ гьесул гьурмадаса ракьги нахъе гьабун абуна: «Дуе Алжан хIадурун буго дир вас». Цинги Аварагас ﷺ гьелда гьикъана: «Дуда щиб лъалеб, гьев дур вас пайда гьечIеб калам гьабулев вукIун ватизе бегьулагурищ?».

Ибрагьим бину Адгьамица абуна цо къоялъ дихъе гьалбал рачIана ва дида бичIчIана гьел будалаал рукIин. Дица гьезда гьарана васият гьабеян, дунги нужго гIадин Аллагьасукьа ﷻ хIинкъизе вукIине. Цинги гьез дида абуна жидеца дуе анкьго жо васият гьабулеб бугин, дуда лъай: 1) калам гIемерав чиясул рекIел бихьиялда дур хьул лъоге; 2) калам гIемерав чиясухъе хIикмат щвеялда дур хьул лъоге; 3) гIадамазда гьорлъ гIемер жувалев чиясда гIибадаталъул гьуинлъи лъаялдаги дур хьул лъоге; 4) гIорхъолъа ворчIун дунял бокьарав чиясул рухI иманалда бахъунгутIиялда хIинкъи букIинги дуда лъай; 5) жагьилчиясул ракI чIаголъиялда дур хьул лъоге; 6) зулмучиясулгун гьудуллъи тIаса бищарав чиясул диналъулъ истикъамат букIиналда дур хьул лъоге; 7) гIадамазул разилъи тIалаб гьабулев чиясе жиндаса Аллагьасул ﷻ разилъи цIакъ дагьаб щола.

Аллагьас ﷻ нилъее тавфикъ кьеги пайдаяб гурони калам гьабичIого тезе.

Кириялъул рахъалъ бищун цIикIкIараб гали буго жамагIат-как балаго мухъ цIезабизе тIамураб ва цIезабураб. (ХIадис)

ПабдулхIамид МухIаммадов

Какилъ мухъал ритIизаре

Аллагьас ﷺ МухIаммадил ﷺ умматалъе кьун руго гIемерал хиралъаби. Гьездасан ккола жамагIат гьабун балеб какилъ тIоцебесеб мухъил хIакъалъулъ бачIараб хиралъиги. ТIоцебесеб мухъилъ Аллагьасда ﷺ гурони лъалареб хиралъи буго. Гьеб загьир гьабун букIарабани гIадамал цоцаздаса цере ккелаан гьелде, цоцалъ дагIбадун гьоркьоб можоро рехизецин ккелаан. Жинда свалат салам лъеяв Аварагас ﷺ абуна: *«ПӀадамазда лъалебани, как ахIиялъул хиралъиги, тIоцебесеб мухъда какилъ чIеялъул даражаги, гьезда гьеб батилароан киназдаго гьоркьоб бикьун гурони, гьедин гьелъул бутIаялда хадурги лъугьинаан гьел»*, - ян. Цоги хIадисалда хирияс ﷺ абулеб буго: *«Бихьиназе бищун лъикIаб буго тIоцебесеб мухъ, гьезие бищун квешабги буго ахирисеб мухъ. Руччабазе бищун лъикIаб буго ахирисеб бищун квешаб буго тIоцебесеб мухъ»*, – ян. Жинда Аллагь ﷺ разилъаяв Сариятил вас ГIирбазица бицунеб буго Аварагас ﷺ лъабго нухалъ тIоцебесеб мухъалъе дугIа гьабуна ва кIиабилеб мухъалъе цо нухалъ гьабуна. Аллагьасги ﷺ Аллагьасул ﷺ хириял малаикзабазги тIоцебесеб мухъил агьлуялъе лъабго нухалъ дугIа гьабулила мунагьал рахчиялдалъун ва Аллагь ﷺ разилъиялдалъун.

Абу Амаматидасан бицараб хIадис буго, Аварагас ﷺ абунила: *«Аллагьасги ﷺ Гьесул малаикзабазги свалат битIула тIоцебесеб мухъалда ругезде»*, - ян Цинги асхIабзабаз абунила: *«Я Аллагьасул ﷺ Расул, кIиабилеб мухъалде битIуларищ?» Аварагас ﷺ абуна: «Аллагьасги ﷺ гьесул малаикзабазги свалат битIула тIоцебесеб мухъалда ругезде». Нахъеги абунила асхIабзабаз кIиабилеб мухъалде битIуларища, - ян, цинги абуна Аварагас ﷺ: «КIиабилелдеги битIула»*, – ян. Аварагас ﷺ цоги хIадисалда абуна: *«Нужеца нужерго мухъал ритIизе гьаре, кIигъуждулги цоцада цузе гьаре, нужерго диналъул вацазул ишаралда нахъги рилъа, гьоркьоб хутIараб бакIги бахчизе гьабе, нужеда гьоркьобе шайтIан лъугьуна гьитIинаб кьегIералъул гIанасеб кьадар батани»*, – ян. Гьаб хIадисалда абулеб буго нужеца гьажибутIрул (плечаби) цоцада цузарейин, хIатIал цузарейила абулеб гьечIо нилъеда гьаб заманалъул цо-цояз гьабулеб бихьулеб киннигги, кигъуждул цузаруураб мехалъ хIатIал жалго цула цоцада.

Гьоркьоб бакI течIого мухъал ритIизариялъулъ буго кIудияб кири. Аварагас ﷺ абулеб буго: *«Нужеца мухъал ритIизаре, кигъуждулги цоцада ритIизе гьаре, гьоркьоб бугеб бакIги бахчизе гьабе, нужер диналъул вацалгун хIеренгоги рукIа, шайтIаналъе гьоркьо бакIалги тоге нужеца. Щив чи вугониги жинца мухъ хурхине гьабун Аллагьас ﷺ гьевги хурхине гьавула, щивчи вугониги жинца мухъ къотIизе гьабун Аллагьас ﷺ гьевги къотIизе гьавула»*, – ян.

Аварагас ﷺ абуна: *«Нужеца мухъал гьарулищ малаикзабаз жидерго БетIергьанасда цебе гьарулел гIадин, цинги цо асхIабас абунила: «Я Аллагьасул ﷺ Расул ﷺ кин малаикзабаз мухъал гьарулел жидерго БетIергьанасда аскIоб?» Цинги Аварагас ﷺ абуна: «Цересел мухъал цIезе гьарула, мухъилъ гьункунги чIола»*, – ян.

Мухъ гьункизабиялде жигар бахъулев чи вуго умматалъул тIаса рищараздаса. Гьоркьоб бакI течIого мухъал цIезариялде жигар бахъулев чи вуго Аллагьасги ﷺ гьесул малаикзабазги жинде свалат битIулев чи. Паишатидасан бицараб хIадисалда абулеб буго: *«Аллагьасги ﷺ Гьесул малаикзабазги свалат битIула мухъал хурхине гьарулел чагIазде»*, – ян.

Бусурманчияс мухъ цIезабизе бахъулеб гали бищун ажру кIудиял галабаздасан кколила, Аллагьасде ﷺ бищун бокьулебги кколила. Цоги хIадисалда буго: *«Кириялъул рахъалъ бищун цIикIкIараб гали буго жамагIат-какилъ мухъ цIезабизе тIамураб ва цIезабураб»*, – ян. Мухъалъул гьоркьоб хутIараб бакI цIезабураб чиясе Аллагьас ﷺ цо даража хъвала, Алжаналъуб гьесие рукъги балила, гьесул мунагьалги чурулила. Аллагьас ﷺ тавпикъ кьеги киназего бицаралда гIамал гьабизе. Амин.

Къуръан кида рештIараб?

Рамазаналъул хиралъи

ЯхIя-хIажи МУХIАММАДОВ

Хириял диналъул вацал! Гьале гIарлъулеб буго жиндилъ баркатал гIемераб рамазан моцI. Гьеб моцI ккола Аллагьас ﷺ МухIаммадил умматалъе кьурал хаслъабазул цояб. РачIа балагьизин гьелъул хIакъалъулъ щиб абулеб Аллагьасул ﷺ хирияб калам Къуръаналда ва Аварагасул ﷺ хIадисазда.

ТIадегIанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магIна): **«Ле, гьал иман лъурал чагIи, нужеда тIадаблъун гьабун буго Аллагьас ﷺ кIал кквезе, нужеда цере рукIарал умматазе гьабун букIарабго гIадин, нуж мунагьаздаса цIунун хутIизе рукIине»**, – ян («Бакъарат», 183). КIал кквеялъ, мунагьалъул цебехъанлъун жиб бугеб шагьват бекула. Цоги аяталда буго (магIна): **«Рамазан моцI ккола жиндилъ Къуръан рещтIараб (ЛавхIул махIфузалдаса дунялалъул зодибе), жибги гIадамал кьосиналдаса хIакъалде тIоритIулеблъун бугеб, хIукмабазул хIакъалде тIоритIулел ва хIакъалдагун батIулалда гьоркьоб батIа рахъулел баянал аяталгун»**, – абун («Бакъарат», 185).

Абугьурайратица бицана: *«Рамазан бачIарабго Аварагас ﷺ асхIабзабазе рохел бищунаан ва абулаан: «ХIакълъунго, нужеда тIаде бачIун буго баракатаб моцI, жиндилъ кIал кквезе Аллагьас ﷺ нужее паризаблъун гьабураб ва къаси тIаде рахъун сордо чIаго гьабизе суннатаблъунги гьабураб. Рамазан моцI бачIарабго алжаналъул каваби рагьула ва жужахIалъул нуцIби къала, гьеб моцIалъ шайтIабиги рухьула ва рамазаналъулъ буго азарго моцIалдаса хирияб цо сордоги»*, – абун. ТIадегIанав Аллагьас рамазан моцIалъе гьарун руго гIемер хаслъаби. Гьеб гьабун буго баракатаб, кьадру цIикIкIараб моцIлъун, гьелъулъ гьабун буго цо сордо азарго моцIалдаса хирияб, гьелъулъ кIал ккевзе паризаблъун гьабун буго, сардал рорчIизе суннатаблъун бихьизабун буго, щив чи вугониги гьелъулъ цо лъикIлъи гьабун, гьев релълъуна цоги заманалъ лъабкъоялда анцIго паризаяб гIамал гьабурасда. Рамазан ккола сабру гьабиялъул моцI, сабруялъул жазаян абуни ккола алжан. Рамазан ккола гIадамаз цоцазе боцIудалъун кумек гьабулеб моцI, жиндилъ муъминчиясул ризкъи цIикIкIунеб, гьелъулъ кIал ккурав кваназавурасе щола лагъ тархъарасе щолеб гIадаб кири, кIал ккурав гIорцIизаврасе, ялъуни гьекъезе жо гьесие кьурасе Аллагьас ﷺ кьола жиб гьекъон хадуб киданиги кьечолареб гьекъолеб жо, гьеб ккола жиндир авал рахIматлъун, бакьулъ бакI мунагьал чурилъун, ахир жужахIалдаса тархъилъун бугеб моцI. Рамазан моцIалъ гьабизе лъикIаб буго ункъо пиша: кIигояб нилъедаса Аллагь ﷺ разилъулеб, кIигояб нилъее чара гьечIого къваригIунеб. Нилъедаса Аллагь ﷺ разилъулеб кIиго гIамал ккола шагьадат битIиги, истигъфар гьабиги, нилъее чара гьечIого къваригIунеб кIиго жоги ккола БетIергьанасда алжан гьариги, жужахIалдаса цIуни гьариги. **КIал ккурав чиясул кьижи гIибадат буго, гьесул хIухьел тасбихI буго, гьесул дугIаялъе жаваб гьабула, гьесул гIамалги чанцIулго кIодо гьабулаянги буго.** Цо гIалимас абун буго: «Вакъарав чи кьижун вугеб мехалда гьесдаса шайтIан лъутула, гьев ворчIун вугеб мехалда кин тIуриларео? ВорчIун вугев чи гIорцIун вугони, шайтIан хьвадула гьесул бидурихьазулъ, гьев кьижун вугони киндай хьвадилареб?» – абун.

Хирияв Аварагасул ﷺ хIадисалда буго: *«Щив чи вугониги рамазаналъ кIал ккун Аллагьасдаги ﷺ божун гIицIго Гьесие гIоло, Аллагьас ﷺ гьесул церехун араларги хадур гьарурал(гьитIинал) мунагьал чурула»*, – ян. Цоги Абугьурайратица бицараб хIадисалда буго: *«Нужер БетIергьанас абулеб буго: «Адамил лъимералъ гьабулеб кинабниги лъикIлъи цIикIкIинабула анцIгоялдаса анкьнусгоялде щвезегIан кIал хутIун, гьеб кIал буго Дие ва Дица жаза гьабула гьесие. Гьес тола жиндиего бокьараб жо, квен, гьекъолеб жо Дие гIоло», - ян. КIал, жужахIалдаса цIунулеб кьолден буго, кIал ккурасул кIалдиса букIунеб махIги Аллагьасда ﷺ аскIоб цIикIкIун лъикIаб буго мискалдасаги. Нужер цонигияс кIал ккураб мехалъ хъубал рагIаби абуге, шаргIалъул гIорхъабиги рахунге. Цониги чи гьесде вагьани яги хьандани, гьес абеян абе дица кIал ккун буго»*, – ян (Тирмизи).

Маликил вас Анасица бицана: *«КIал ккурал чагIи кьиямасеб къоялъ, хобаздаса къватIире рахъуна ва гьел батIа рахъизе лъала ккурал кIалал сабаблъун, гьездаса бугеб махIалъе гIоло, гьезул кIалдиса бачIуна мискалдаса гьуинаб махI, гьезухъе росула тIиритIарал сурпаби ва кIалазда мискалъул мугъру чIварал парчал ва гьезда абула: «Нужеца кванай, нуж ракъун рукIана цогидал гIорцIун ругеб мехалда, нужеца гьекъе ва гьез гьеб мехалда рахIат босула гIадамал къечон, свакан машгъуллъун ругеб мехалда»*, – абун. Цо асаралъулъ буго: «Алжан къачIадула щибаб соналъ рамазан бачIунелъул. Рамазаналъул тIоцебесеб сордоялъ Паршалда гьоркьа гьури пула, алжаналъул тIанхал рагьаризарула ва гьелъул гьаракь бахъуна жиндаса лъикIаб гьаракь цоги гьечIеб гIадаб, щибаб соналдаса соналде хIурулГIинзабиги къачIадула ва алжаналъул балконаздеги рахун гьез ахIула: «Аллагьасда ﷺ ниж гьарулев чи гьечIищ, Гьес ниж чIужабилъун кьезе?» – ян. Цинги гьез гьикъула: «Я Ризван, гьаб щиб сордо?» – ян. Гьес лабайкаян ахIула ва цинги абула: «Гьаб буго рамазан моцIалъул тIоцебесеб сордо», – ян. ТIадегIанав Аллагьасги абула: «Я Ризван, дуца алжаналъул нуцIби рагье МухIаммадил ﷺ умматалъул кIал ккурал чагIазе. Ле, Жабраил, мун рещтIа ракьалде ва рухье кьосарал шайтIаби, гьезда гудралги рай, цинги гьел рехе ралъадазул гьварилъуде МухIаммадил ﷺ умматалъул кIал ккуразул кIал хвезабичIого букIине». Гьединго рамазан моцIалъул щибаб сордоялъ Аллагьас ﷺ абула: «Тавбу гьабулев чи гьечIищ, Дица тавбу кьабул гьабизе, мунагьал рахчи тIалаб гьабулев чи вугищ, Дица мунагьал чуризе, гьарулев чи вугищ Дица гьесие гьарараб кьезе, дугIа гьабулев чи гьечIищ гьесие жаваб гьабизе», – ян. ТIадегIанав Аллагьас щибаб рамазаналъул къоялъ кIал биччаялда аскIоб гIазабалъе мустахIикъав миллион чи тархъан гьавула цIаялдаса, рамазаналъул ахирисеб къоялъ тIубараб моцIалъ тархъан гьаруралгIанасел чагIи хвасар гьарула жужахIалдаса», – ян. ТIадегIанав Аллагьасул буго Паршалда сверухъ «ХIазиратул Къудси» абулеб бакI, жибги нуралдасан бугеб. Гьенирги руго малаикзаби, жидер рикIкIенги Аллагьасда ﷺ гурони лъаларел ва жидецаги лахIзаталъги Аллагьасдаса ﷺ гьапуллъичIого гIибадат гьабулел. Рамазан моцIалъул сардазда гьез БетIергьанасдаса изну тIалаб гьабула МухIаммадил ﷺ умматалда цадахъ таравихIазул каказулъ гIахьаллъизе ракьалде рещтIине. Гьел малаикзабазда хъварав яги гьел жинда хъварав щивав чи талихIбугевлъун лъугьуна жинда хадуб тIокIаб талихIкьей гьечIеб. Гьеб рагIараб мехалда ПIумар-асхIабас абуна: «Нилъ цIикIкIун мустахIикъал руго гьеб хиралъиялъе ва ажруялъе», – ян. Гьелдаса нахъе ПIумарица халкъ жамагIат гьабун таравихIал раялде данде гьабуна. Рамазаналъулги, Лайлатул къадриялъулги, таравихIазулги хиралъи бицун рагIалде щоларо, кинниги гьел хиралъаби щоларо бацIцIадаб нияталда кколел адабалги цIунун гIамалал гьарурасе гурони. Рамазаналъ гьарурал квешлъабазул мунагьи цIикIкIун букIуна. Гьединлъидал, кIал ккурав чиясе бегьуларо гьибат-бугьтан, хIарамалде балагьи, хIарамаб кванай гIадал пишаби гьаризе. Гьединал гIамалаз кIалалъул кириги хвезабула гIакъуба-гIазабалъеги мустахIикълъула. «СахIихIазда» буго гьибаталъ кIал бихxулаян абун. Цоги хIадисалда буго: *«Щив чи вугониги жинца квешаб, чорокаб хабарги течIев, квешаб гIамалги течIев, Аллагьасе ﷺ гьес тIагIамгун гьекъолеб жо тей къваригIун гьечIо»*, – ян.

Аллагьас ﷺ тавпикъ кьеги бусурбабазе хириялщинал заманабаз Аллагьасде ﷺ гIагарлъизе жигар бахъизе. Амин.

ГАЗЕТАЛЪУЛ АДАБ ТЕЗЕ ХIАРАМАБ БУГО, ГЬЕЛДА АЯТАЛГИ ХIАДИСАЛГИ РУГО

Нужер квешал – хъизан гьабичIел руго, нужер хваразул гIодорегIаналги – хъизан гьечIого хварал руго. (ХIадис)

№ 14 2010 с. июль 1431 с. шагIбан | WWW.ASSALAM.RU | АС-САЛАМ

БоцIи-мал бугониги мискинав...

Хъизан гьаби

ГIабдурашид ГIумаров
ДУМД-алъул къануният отделалъул хIалтIухъан

Хириял диналъул вацал, Аллагьас ﷻ кинабниги рухIчIаголъи бижун буго бихьинабги цIуябги, жидер цоцаздаса наслу лъугьунеллъун. Гьелъие рекъезарун руго киналниги сабабал–ги. Цоцадехун бугеб тIабигIияб цIайи, рокьа–хинлъи гIадаб. Аллагьас ﷻ гьебго къагIида гIуцIун буго инсанасулъги. Нилъеца гьелда абула чIужу ячин ва росасе ин абун. Гьеб буго Аварагасул ﷺ суннат. Аллагьас ﷻ гьелда жанир лъун руго гIемерал пайдаби, рихьизарун руго тIадегIанал даражаби.

Аллагьас ﷻ ХIава йижиналъул хIикмат

Аллагь ﷻ жинда разилъаяв Ибну МасгIудидасан бицараб риваяталда буго: *«ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Алжанги бижун гьениве вачиндал, Адам живго вукIана. БетIергьанас гьесде макьу рехана, гьевги кьижун ккана. Цинги гьесул квегIаб хьибилалдаса цо хьабалухъагIучIги бахъун, гьелъул бакIалда гьан лъуна, Адамида гьелъул щибго жоги лъачIо. Гьеб хьабалухъгIучIалдасан йижана Аллагьас ﷻ ХIава. Кьижун ворчIилелде Адамида гьей жиндаго аскIой гIодой чIунги ятана».*

ЧIужу ячиналъул хиралъи

Хъизан гьабиялъулъин абуни руго диналда, дунялалда ва ахираталда хурхарал гIемерал пайдаби. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Къуръаналда рехсон гьечIо хъизан гьабурав гурони, цониги Авараг. Хъизан гьабиялъул хиралъи жиндиего щвезе ва суннат ккуравлъунги вукIине гIоло ЯхIя (гI.с.) аварагасги хъизан гьабун буго, амма аскIов гIагарлъун гьечIо, дозул шаригIаталда гьеб гIазаимаздаса букIун. Гьедин гьеб гIазимат кквеялдалъун гьев ТIадегIанав Аллагьас ﷻ веццунги вуго.

МухIаммадияб шаригIаталдайин абуни, хъизан бугев чиясул хиралъи, гьечIесде данде ккун, рокъов гIодов чIарасде данде жигьадалъ вахъарасда релълъун буго. Гьединго хъизан бугев чиясул какил цо ракагIат хъизан гьечIесул 70 ракагIаталдаса хирияб бугинги абула. Хъизан гьаби ккола наслаби нахъе хутIиялъеги, зина-хатIаялдаса цIуниялъеги сабаблъун.

ГIиса (гI.с.) аварагин абуни, ракьалде рещтIун хадуса гьесги хъизан гьабизе бугин ва гьесул лъималги рукIине ругин хъван буго тIахьазда.

Аварагас ﷺ абун буго: *«Нужер квешал – хъизан гьабичIел руго, нужер хваразул гIодорегIаналги – хъизан гьечIого хварал руго».*

Хъизан гьабиялъ нилъер иман-дин щула гьабула, шайтIан гIодобегIан гьабула, гьелъул заралалдаса, васвасаздаса цIунула, хIарамаб балагьиялдаса нилъер бералги, хIарамаб пиша-гIамалалдасаги нилъгоги цIунула. Гьединго Аварагас ﷺ нилъ ахIулел руго жиндирго хIадисазулъ хъизан гьабиялде, гьелдасан ккола гьаб хIадисги: *«Хъизан гьаби дир нух, суннат буго, дида цере рукIарал Аварагзабазулги нух буго. Щив чи вугониги дир нухдасан выссун, гьев чи дидасан кколаро (ай дир нух суннат ккуравлъун кколаро)»*, – ян.

Нилъее баракат щваяв Бакълухъа КIудияс абулеб букIун буго: «ЧIужу ячин – башдаб магIишат гьаби буго», – ян. Цоги абулеб букIун буго, чIужу – кIиабилей устар кколиланги.

Хириял диналъул вацал ва яцал, нилъеда бихьулеб буго хъизан гьабиялъулъ кинаб пайда бугеб дуньялалдаги ахираталдаги. Аварагас ﷺ абулеб буго: *«Нужеца нужерго васазе руччабиги раче, ясал рукъалдеги кье», – ян. Цоги хIадисалда абулеб буго: «Рос жиндирго чIужуялъухъ валагьидал, ТIадегIанав Аллагь ﷻ гьел кIиязухъго рахIматалъул балагьиялдалъун балагьулила»*, – ян.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ нагIана кьун буго жидеца хъизан гьабиларилан абулел бихьиназе ва гьединго рукъалде инарилан абулел руччабазеги. Бакълъухъа КIудияс абулеб букIун буго, чирахъ баканиги канлъи букIунарила чIужу гьечIеб рокъобилан.

Нилъеда Исламалъ абула щибаб жо жиндир заманалда гьабейилан. Гьединлъидал нилъеца кIвар кьезе ккола заманалда нилъерго лъимал рукъалде руссинаризе, рукъ гьечIо, гIарац гьечIо, хIалтIиги гьечIоян абурал гIузрабиги рачун, херлъизегIан хъизан гьабичIого тейги, цIалун лъугIинегIанилан, кIудияй гIезегIанилан, ясал рокъор тейги нилъер диналда беццуларо, гьелъул гIаксалда, гIурайго яс кьейги, гIуравго васасе чIужу ячинги тIадабцин буго. ГIураллъун рикIкIуна лъимал балугълъун хадуса. Нечаевкаялдаса Меселасул МухIаммад-афандияс абулеб букIун буго, 25 сон барав чи гьаб заманалда херав чи вугин. Нилъее Аллагьас ﷻ кинабго бигьа гьабун буго, нилъеда баччизе кIолареб жоги нилъеда тIад лъун гьечIо, нилъецаго, гIадатазда нахъги рилълъун захIмат гьабун буго.

Аварагасул ﷺ цоги хIадис буго: *«Щив чи вугониги мискинлъиялдасаги хIинкъун жинца хъизан гьаби тун, гьевчи дир нух-суннат ккураздасан гьечIо»*, – ян. Гьединго цоги хIадисалда Аварагас ﷺ абулеб буго: *«Щив чи вугониги дир тIабигIат-нух бокьун, гьес дир суннат ккве, дир суннаталдасан ккола хъизан гьабиги»*, – ян. Цоги хIадисалда буго: *«Мискинун (ай мискинав чи) вуго жиндир чIужу гьечIев, кигIан бечедав гьев ватаниги боцIи-малалъул рахъалъан (ай дунялалъул рахъалъан) ва гьединго мискинатун (ай мискинай чIужу) йиго жиндир рос гьечIей чIужугIадан боцIи-малалъул рахъалъан жий бечедай ятаниги»*, – ян.

Жинда Аллагь ﷻ разилъаяв Ибну МасгIудица абун буго: «Дир гIумруялъул 10 къо гурони хутIичIониги, дие бокьилаан хъизан гьабизе, чIужуги гьечIогун ТIадегIанав Аллагьгун дандчIвачIого вукIине», – ян. Цоги, имам АхIмадица жиндирго чIужу хун хадуй кIиабилеб къоялъго чIужу ячун йиго абула. Аллагьасул ﷻ кIудияв вали МагIруфул Курхий хун хадув гьев вихьун вуго цо лъикIав чиясда макьилъ. Гьес гьикъун буго щибинха дуе Аллагьас ﷻ гьабураб. «Аллагьас ﷻ дие Алжанги хIалал гьабуна, цогидабги кьуна, кинниги дир рекIелъ цо къварилъи хIасрат бугин, гьебги бугин жив дунялалдаса чIужуги ячинчIого ин», – ян абун буго дос.

Аварагасда ﷺ рузман къоялъул хIакъалъулъ гьикъана ва гьес абуна: *«Рузман къо буго никахI-магьариялъул къо»,* – ян.

Гьеб къоялъ гьабуна Адам (гI.с.) аварагасул ва ХIавал никахI-магьари, Юсуф (гI.с.) аварагасул ва Зулейхал никахI-магьари, Муса (гI.с.) аварагас ШугIайб (гI.с.) аварагасул ясалъулгун, Сулайман (гI.с.) аварагас Билкъисилгун никахI-магьариги. Аварагас ﷺ, жидеда Аллагь ﷻ разилъаял, Хадижатилгун ва ГIаишатилгун никахI-магьари. Нилъер мазгьабалда магьари лъей рузман къоялъ хирияб буго, ригьин гьабиийин абуни, бокьараб заманалда гьабизе бегьула, моцIазул, къоязул хал гьабичIого.

Вализаби рокьи

МухIаммад ас-Сивухьи

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ инсан вижун вуго, цо жо жиндие бокьулевлъун, ялъуни жиндие гьеб рихуневлъун. Гьеб тIабигIияб рокьиги, букIунеб буго лъикIал чагIаздехун бугебги, квешал чагIаздехун бугебги. Гьединлъидал гьаниб бицине бокьун буго тIоцебесеб иргаялда ТIадегIанав Аллагьасде ﷻ ва гьесул Аварагасдехунги ﷺ, лъикIал чагIаздехунги ай вализабаздехун, устарзабаздехунги букIунеб рокьиялъул. Цо къоялъ цо чияс Аварагасда ﷺ гьикъула: *«Цо чиясе лъикIал чагIи рокьула, амма гьезда гIамалалъулъ нахърегIизе кIолеб гьечIо»*, ян. Жаваб кьезехъин Авараг ﷺ вукIаго цогияс гьикъула,

– Я Аллагьасул ﷻ Расул ﷺ, къиямасеб къо кида чIезе бугеб, ян.

– Дуца гьеб къоялде щиб жо хIадурун бугеб илан гьикъула гъосда Аварагас ﷺ. ГIарабияс жаваб гьабула «Дир гIемер какалги, кIалалги гьечIо,кинниги Аллагьги ﷻ гьесул Аварагги ﷺ рокьула, ян. Мун дуе рокьарал чIагIигун вукIине вуго, – ян абула Аварагас ﷺ гьесде».

Анас (р.гI.) абулев асхIабас абуна гьелдаса рохараб къо жидее букIинчIилан ва жинцаго абунги буго нижее Аллагьасул ﷻ Аварагги ﷺ, Абубакрги, ГIумарги рокьула, гьез гIадаб гIамал гьабизе кIвечIониги, нижер хьул буго гьелгун цадахъ къиямасеб къоялъ рахъине гьарилилан. Гьаб хIадисалъ бицунеб гьечIищ гьел асхIабзабазул цIикIкIунисеб кIвар букIин, гьев Аварагги ﷺ гьесул асхIабзабиги рокьиялде. Имаму Раббанияс абуна: «Аллагьасул ﷻ вализаби, шайихзаби рокьиялъулъ буго дунялалъулги, ахираталъулги лъикIлъаби щвей. ШаргIияб нух кквей, гIибадаталъе тавфикъ Аллагьас ﷺ кьейиги, гьел устарзаби рокьиялъул хIасилги, баракатги буго».

ЧIахIиял чагIазул цояс абуна: «Гьаб гIаламалъулъго мунагьазул квешлъи тIунани, вализаби рокьулев чиясул рекIелъе, гьес гьелъул щибго ургъел гьабизе ккеларо» – ян.

Хал гьабеха бусурбаби, кигIанасеб пайда бугеб нилъее гьел чIахIиял чагIи, вализаби рокьиялдасан. Аллагьас ﷻ нилъее гьезул баракатги, шафагIатги щвезабеги. КагIбул АхIбар абулев асхIабас бицана, Аварагас ﷺ абунин: *«Къиямасеб къоялъ Аллагьас ﷻ лъагъ хIисаб-суалъе вахъине гьавидал, гьесул квешал гIамалал цIадирабазда цIикIкIунила, цинги Аллагьас ﷻ ДжабрагIил малаикасда амру гьабулила гьев лъагъ ЖужахIалде рехейин. ЖужахIалъуве рехизе унаго Аллагьас Джабраил малаикасда абула: Дуца гьикъе гьев дир лагъасда, гIумруялда жанив цоцIулгIаги гIодов чIечIищ гьев гIалимчиясда аскIов? – ян? Лагъас жаваб гьабулила гIодов чIечIин.*

Аллагьас ﷻ нахъеги абулила Джабраил малаикасда, гьикъе гьесда, гIалимчи вокьанищ, гьесиеян. Лагъас жаваб гьабулила, вокьичIин абун. Нахъеги гьикъулила лагъасда: «Мун гIалимчигун цадахъ кваначIищ?» – абун. «КваначIо», – ян жаваб кьолила лагъас. Нахъеги дур мадугьалгIаги вукIинчIищ гIалимчиян цIехолила лагъасда, вукIинчIо ян абулила лагъас. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ ДжабрагIил малаикасда абулила цIехе гьесда дур цIар, гIалимчиясул цIаралда релълъарабгIаги букIинчIищ абун. БукIинчIоян абулила лагъас. РахIму цIоб гIатидав Аллагьас ﷻ абулила гIалимзаби рокьарав чи вокьанищ дуе ян гьикъе гьесдаян. Лагъас жаваб гьабулила, гIалимзаби рокьарав чи дие вокьулилан. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Джабраил малаикасда абунила: «Кверги ккун гьев дир лагъ Алжаналъуве ваче», – ян. Гьеб рокьиялъе гIоло Аллагьас ﷻ гьесул киналго мунагьал чурулила!».

Цоги хIадисалда абулеб буго: *«ЛъикIал чагIи рокьарав чи Аллагьас ﷻ лъикIавлъун гьавила кигIан живго лъикIав гьечIониги, гьединго, квешал чагIи рокьаравги Аллагьас ﷻ квешав гьавила, кигIан живго лъикIав вугониги».*

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ нилъее кьейги Аллагьасдеги ﷻ, Аварагасдеги ﷺ, вализабаздеги камилаб рокьи. Амин.

Ва Аллагьасул ﷻ лагъзал, нужеца пайда босе дарабаздаса, Аллагьас ﷻ унти биччачIо гьелда данде даругун гурого. (ХIадис)

Дагъистаналъул магIаруллъиялде каву

1 ◀◀ ЦIакъголъарагIлъиялде къараб дагьабго бакI хутIун, Салатавия унаан Имаматалде гьорлъе, гьелъул жамагIатал тIуранго рукIана имамасул рахъалда.

Пачаясулаз тIадецуй гьоркьоса къотIизе толароан рагъуе кIвар бугел ва экономикаялъул рахъалъ церетIурал округазда. Гьединал кIвар бугел округаздасан цояблъун кколаан. «Шималияб Дагъистаналъул каваби» – ян жинда абулеб Салатавия. Ай, мугIруздехун аслияб нух букIана гьенисан. Хубаразул ракьалда буго «Сонгрохъ» абулеб, керчал рохьаз бацараб кIиго борхалъиялда гьоркьобакI. Гьел рорхалъабазда гьоркьоб сангар гьабун нухги къан, бехе-эхеде унеб гIурус аскаралъе чIахIиял камиял ккезарулаан имамасул муридзабаз. Гьединго Салатавиялъул кIудияб кIвар Имаматалъе букIана тIоцел гьарзаяб бакI букIиналдалъун ва гьеб букIана исламияб пачалихъалъул цагъурлъун. Биценазда рекъон, ракъдаллъи ккарал соназдацин Салатавиялда ракъи ккун гьечIо, гьелъул гIаксалда, гьениса тIощел босизе рес букIиналъ ракъун хвеялдаса хвасарлъулел рукIана мугIрузул рахъалда ругел гIемерал Дагъистаниял. Гьазаватазулъ Салатавиялъул жамагIатаз, пачаясул зулмучагIазде данде имам ГьазимухIаммадица хвалчен бахъараб къоялдаса нахъего гIахьаллъи гьабуна. Мисалалъе, Индиралда букIараб гIурусазул хъала сверун ккезе имам ГъазимухIаммадица ахIи байдал, гьесие жаваб гьабун азарго салатавиялъулав вачIана. Таргъу хъала бахъулаго, тункIихер бугеб рукъалде жаниб цIа ккеялъул хIасилалда имамасул бодулъа 1200-го мурид шагьидлъана, гьезда гьоркьов цохIо ЧIикIаса вукIана 82-го мурид. Гьебго Таргъу хъалаялде гьужум гьабулаго, имам ГьазимухIаммадил каранда тункIил хеч къазабизехъин вукIарав солдат, къабураб хвалчаца кIи къотIана ЦIобокьа багьадур НурмухIаммадица. Гендерил ккварилъухъ Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIаммад шагьидлъараб бакIалда шагьидлъана Дилималдаса Даци. Гьесул вац Султанбег, АхIулгохIдаса рещтIунев Шамилиде тункIил гьужум гьабизехъин ругел солдатал рихьидал, имамасда цеве чIана ва гьесие гIоло рухI къун шагьидлъана. Гьезул лъабабилев вац, «рохьазда гьарулел рагъазулъ гьунар бугев гьалбацI» абун машгьурлъарав, Шамилил наиб, ХIажибег Воронцовасул аскаралда кIудияб къабиги щвезабун шагьидлъана. Имам Шамилил бищун божи гьабулел разведчикал рукIана Хубаралдаса вацал Нугьамирза ва Юсуф. АхIулгохIдаса нахъе ине Шамил мукIур гьавуна ва хIинкъи гьечIеб бакIалде щвезегIан гьев тIовитIана НахъбакIалъул бахIарзаз. Гьуниб магIарда имамасул ахирисеб рагъулъ, гьесда сверун рукIана Гуниялдаса гIолохъаби. Кавказалъул рагъулъ бищун гIасияблъун рикIкIунеб, захIмалъиялъул рахъалъ Бадругун УхIудалда гIалимзабаз релълъинабураб АхIулгохIда Аллагьасул ﷻ нухда шагьидлъун хвана, Шамилица бахIарзазда гьоркьоб тIоцебе жиндир цIар рехсарав ЧIикIаса МуртазагIали, ЦIобокьа Давудбег, лъукъун вукIиналъ асирлъуде ккеялдаса цIуни гьабун, тушбабазул хучдузде тIаде кIанцIарав Дилималдаса Сулайман, Гуниялдаса Султан, Буртунаялдаса СултIангIали. Хвалил ругьнал щун вугев Гертмаялдаса Шамсудин, аскIосан унев вукIарав офицерги хадув цIан къурулъа гьоркье ПIанди гIурулъе кIанцIана. АскIоб къвагьараб гIарадаялъул гуллица черхалда гIемерал ругьнал лъурав Хубаралдаса Нажмудин шагьидлъана рагъул ахирисеб къоялъ…

Салатавиялъул мугIрул.

Гьаб кьокъаб макъалаялда киналго бахIарзазул бицин гуребги, цIарал рехсунцин лъугIинаро. Гьелъ, кьокъго бицен гьабун тезин Салатавиялъул цо-цо росабазул, ва байбихьизин НахъбакIалъул росабазул цебехъанлъун кколеб букIараб ЧIикIаб росдадасан.

ЧIикIаб

Цебегоялдаса нахъе ЧIикIаб букIана кIодолъиялъул рахъалъан (гьелде шагьарин абулаан) ва рагIи билълъарал гIадамал рукIиналъул рахъалъан машгьураб росулъун. Гьеб букIана сверухъ ругел киналго росабазе нух бихьизабулеб бакIлъун, гьенир батIи-батIиял суалазда тIасан дандраялги гьарун сиясиял ишазе хIукмаби гьарулаан, гIалимзабазул данделъаби тIоритIулаан, асирлъуде ккаразул къисматалъул хал гьабулаан. Салатавиялъул киналго вакилзаби данделъулеб бакI букIана чIикIасезул ракьалда бугеб «Миккиласул къулгIа» абулеб бакI. Гьенире щибаб соналъ, бихьизабураб заманалда данделъиялде ракIарулаан кIинусгогIанасев чи. Щибаб росдал жамагIаталъ гьенире ритIулаан жидедаго гьорлъа кхадрукъимат бугел, ритIухъал ва рацIцIадал гIадамал. Гьеб данделъи ккола эркенал жамагIатазул цолъиялъул бищунго тIадегIанаб идаралъун. Данделъиялъ ЧIикIаб росдал бегавул толаан тIолабго Салатавиялъул жамагIатазул цолъиялъул бетIерлъун. ГьазимухIаммадил имамлъи байбихьулеб заманалда ЧIикIав вукIана лъабнусго гIанасев гIалимчи. Гьелъго батила Генуб шаригIат лъун хадуб, имам тIоцеве ЧIикIаве вачIарав шаргIалде гьел ахIизе. Гьелдаса нахъе чIикIасез, Шамилица рагъ чIчIезе тезегIан, жигаралда гIахьаллъи гьабуна гьазаватазда. Гьел соназда гIезегIан заманаялъ ЧIикIаб гIумру гьабуна Накъшубандияб тIарикъаталъул устар, камилав муршид, Ярагьиялдаса МухIаммад-афанди. Гьесул баракаталдалъун ЧIикIасезе ва сверухъ ругел нахъбакIалъул росабазе гьуинлъана тIарикъат ва шаригIат.

(ахир, хадусеб номералда)

Унти – Аллагьасул سبحانه وتعالى салам

Исламалда сахлъизариялъул къагIида

МухIаммад-хIажи ГIабдурахIманов
Тохтур

МухIаммад Аварагас ﷺ чIезаруна социалияб рукIа-рахъиналъул, гIадлуялъул къагIидаби. Гьелда рекъон щивав чиясда тIадаб буго гIумруялъул – жиндирго черхалъул, психикияб ва рухIияб рахъалъ сахаб къагIида хIалтIизабизе.

Дуглас Гутрил («История медицины», 1945 с.), пикруялда рекъон гьоркьохъеб гIасруялда медицинаялъул областалда бусурбабазул чIахIиял церетIеял лъугьин бараб букIана МухIаммад Аварагасул ﷺ мисалалда. Гутрица хъвалеб буго: «Живго Аварагас ﷺ гурищха абураб: *«Ва Аллагьасул ﷻ лагъзал, нужеца пайда босе дарабаздаса, Аллагьас ﷻ унти биччачIо гьелде данде даругун гурого»*, – абун.

БичIчIулеб жо буго дарабазда хурхарал Аварагасул ﷺ жеги-жеги хIадисал рукIин. Гьес ﷺ абулеб буго бусурбабаз сихIрабазулъ балагьизе кколарин унтуде данде кумек абун. Гьедин гьес цо нухалъ абуна: *«Щибаб унтиялъе дару буго ва унтараб мехалда дару хIалтIизабуни гьелъ унти сах гьабула»*, – ян. Гьеб ва гьелда релъарал цогидалги, сахлъиялда хурхарал хIадисал рихьизарулел руго Бухарияс, Муслимица ва Абу Давудица.

Цо нухалда асхIабзабазул цояс МухIаммад Аварагасда ﷺ гьикъана: «Пибалъулъ (медицинаялъулъ) баракат бугищ?» – абун. Гьелде данде Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «Буго!» – ян.

Гьелъул хIасиллъун ккола, исламалъул гIалимзабаз гIадамазул цо-цояздa тIадкъалеб букIин батIи-батIиял унтабазе дару балагьизе, цIехрех гьабизе. Гьедин, исламалда жаниб сах гьабулареб унти абураб бичIчIи гьечIо.

Тарихалдаса лъала Аварагас ﷺ унтаразухъе ваккизеги ун, гьезул унтул цIех-рехги гьабун, махщел бугел тохтурзабахъе аян абурал мисалал рукIин. Гьес гIемерисеб мехалъ ХIарис бин ХIалидахъе аян малъулаан. Гьев ккола Такифалдаса (Мадинаялдаса гIемер рикIкIада гьечIого бугеб бакIалдаса) машгьурав жугьутIазул тохтур.

Цо нухалда Авараг ﷺ ваккизе ана рекIеде жунти речIчIун вугев СагIду бину Аби Вакъасихъе. Гьес ﷺ каранда квер лъураб заманалда СагIдуе мадар лъугьараб гIадин лъугьана, амма Аварагас ﷺ гьесда абуна: *«Дур рекIеда унти речIчIун букIана, мун ХIарис бину ХIалидахъе ине ккола, гьев машгьурав тохтур вугелълъул»*, – абун. Гьеб ва гьелда релъарал цогидалги хIужабаз тIубанго хисизабуна гIарабазул унтуде букIараб бербалагьи.

Цоцаде рахунел эпидемиялъулал унтабазул бугеб хIинкъиги бичIчIун Аварагас ﷺ жиндирго асхIабзабазе малъа-хъвай гьабулаан: *«Нужеда рагIани кинаб бугониги бакIалда вабаъ унтул эпидемия багъарун бугилан – нуж гьенире унге, нуж ругеб бакIалда гьеб багъарани – гьениса нахъеги унге гьеб цогидаб бакIалда тIибитIизабизе»*, – ян.

Гьеб хIадисалъул къучIалда байбихьараб буго исламалъул медицинаялда эпидемиология абураб бичIчIи.

Аварагас ﷺ хIаракатаб къеркьей гьабулаан палихъанлъиялде данде. Гьединго гьес лъазабуна вабаъалдаса ва тIагIуналдаса хварал гIадамал шагьидал кколиланги. Гьеб букIана доб заманалда гьел унтабазул хIасилалда хваразул гIагарлъиялъул рекIее кIудияб бигьалъилъун.



Аллагьасул ﷻ Аварагас ﷺ тохтурлъиялъул цIикIкIараб махщел гьечIезда лъазабун букIана жидеда жаваб къун бажаруларел къагIидаби хIалтIизаругеян, ай гьедин исламалъул медицинаялда гьукъана сахлъизаризе гIураб лъайги гьечIого дараби хIалтIизаби (шарлатанство).

МухIаммад Аварагас ﷺ асхIабзабазда абулаан жидерго сахлъиялда хадуб хьаравуллъи ккеян. КигIан кутакалда гьел унтун ругони гьезул ракI бигьа гьабулаан ва абулаан унти гьеб Аллагьасул ﷻ ццим бахьин кколарин. «Унти – гьеб Аллагьасул ﷻ ццимбахьин ккоЛаро, щайгурелъул Аварагасбаздеги риччана гIадатиял гIадамазде риччараздасаги жеги захIматал унтаби», – ян абулаан гьес.

Нужеца хIисаб гьабе, кин гьелъ исламалъул нухда ругезул ракIал бигьа гьаруралали!

Гьедин Аварагас ﷺ къучI лъуна тохтурасул унтарасдехун бугеб психотерапевтическияб гьоркьоблъиялъеги.

ГАЗЕТАЛЪУЛ АДАБ ТЕЗЕ ХIАРАМАБ БУГО, ГЬЕЛДА АЯТАЛГИ ХIАДИСАЛГИ РУГО

Масжид щивав Аллагьасукьа ﷻ хIинкъулесул рукъ буго,ва гьеб рукъалъун ккурав щивасе Аллагьас ﷻ кьола рахIмат, ва сиратIалда бигьалъи. (ХIадис)

«Дица гьелъие лъикIаб тIаса бищана»

1 ◂◂ Азбаралда ятарай гьесул чIужуялда кив вугев Абу-Дардаин гьикъанила ГIабдулагьица. Базаралде анин тIадвуссине заманги гIагарлъун бугин жаваб кьунила гьелъ. Рокъове лъугьине гьесие изнуги кьун, жиндирго рукъалъул хIалтIуде, лъималазде юссана гьей. Цинги ГIабдуллагь бину РавахIат Абу-Дардаил хъанч бугеб рокъовеги лъугьун, Аллагьасе ﷻ тун хутIарабщинаб лагълъи гьересияб ва батIулаб бугин абулаго, цадахъ букIараб квартIица гьесул хъанч гIисинал бутIаби гьарун гъурана. Хъанч бугеб рокъое лъугьиндал гъур-гъурун гIодобе рехараб хъанч бихьидал хIинкъун йихха-хочун лъугьана Абу-Дардаил чIужу. Цодагьаб заманалдаса базаралдаса тIадвуссана гьелъул рос. Жиндир хIужраялъул кIалтIа йихха-хочун гIодулей ятарай чIужуялда щиб ккарабилан цIеханила гьес.

Абу-Дардаил зани.

– Дур вац ГIабдуллагьги вачIун хъанч гъурун бана гьес, – ян абуна чIужуялъ. ЦIакъ цциНги бахъун ГIабдуллагьидаса рецIел босичIого теларин вукIарав Абу-Дардаъ цодагьаб заманалдаса гIодовиччана ва ккара-таралъул пикру гьабуна. Гьаб хъанчалъул пайда букIарабани гьелъ жиндасаго зарал нахъчIвалаан абураб пикруялде вачIана гьев. Цинги вахъун ГIабдуллагь бину РавахIатги вачун Бичасул ﷺ Расуласухъе ﷺ ана ва исламалде вачIана. Гьев вукIана гьеб сверухълъиялдаго бищун ахиралда ислам босарав хъанчил агьлулъулъул вукIарав чи. Гьев ислам босизе Аварагасухъе ﷺ вачIун хадуб Хирияс ﷺ абуна: ***«Аллагьас ﷻ дие кьотIи гьабун букIана Абу-Дардаъ исламалде вачIине вугин, гьалеха гьев вачIана»***, – ян. Гьев исламалде вачIараб къо букIана Бадруялъул гъазаваталъул къо. Хадув гьев гIахьаллъана УхIудалда.

Исламалде букIараб рокьи ва дунял рехун тей

Абу-Дардаил чорхолъ бессана унго-унгояб кьагIидаялъ Аллагьасдаги ﷻ Аварагасдаги ﷺ иман лъей. Жиндир гьудулзаби гIелмуялъулъ цере ккей бихьидал, гьезул Аллагь ﷻ лъаялъул макъам лъун вукIана гьев. Гьудулзабазда хадув гьезе кьаси кьижичIого, Аллагьасдаса ﷻ машгъул гьавулев вугилан, хIатта даран-базарцин рехун тун, кIвахI тун, диналда тIадчIей гьабуна. Даран-базар тунищ бугебин гьесда цояс гьикъидал, Абу-Дардаица жаваб кьуна:

– Исламалде вачIинегIан дица даран гьабуна, вачIун хадуб кIиябго цадахъ гьабун бажаричIо, гьелъ дица гIибадат тIаса бищун базар рехун тана, – ян.

Базар гьаби гуребги, дунял гьабиго рехун тана гьес. Кьечарав чи лъеда хадув гIадин, гьев лъугьана Къуръан-хIадис лъазабизе. ЦIакъ цIороряб сордоялъ гьесухъе гьоболлъухъ рачIана цо чанго чи. Кваназеги гьарун кьижизе рачиндал тIад базе жо кьечIого тана Абу-Дардаица гьел. Квачанги бугелъул щайдай гьеб кьечIоян цIехезе ана гьезул цояв. Гьесда Абу-Дардаъ ватана вегун чIужуги йигоан аскIой гIодой чIун. Гьезда жидедаго тIад бугоан тIеренабго ретIел.

– Гьаб щиб нижго гIадин вегун вугогури мунги, кибе араб хинаб партал-къай? – ян цIехана гьес. Абу-Дардаица жаваб гьабуна:

– Нижер цоги рукъ буго кинабго гьенибе битIула. Гьаниб щибниги жо букIарабани гьеб нужехъе кьелаан. Цогидаб рокъобе цIакъ хIинкъараб захIматаб нух буго, гьелъ нижеца бигьалъиялъе кинабго цебе битIун буго. Дуда бичIчIанищ? – абун цIехана гьоболасда Абу-Дардаица.

– БичIчIана, Аллагьас ﷻ дуе лъикIаб хъван батаги, – ян абуна гьоболас.

Хирияв Аварагас ﷺ гьесдаги Салманул Фарисидаги гьоркьоб вацлъи рагIизабун букIана. Цо нухалъ гьасухъе щварав Салманида гьесул хьизаналъ гIарз бахъана гьес къад кIал кколеб бугин, къаси вахъун гIибадат гьабулеб бугин. Гьесде тIадеги лъугьун Салманица кьола кваназе жо. Абу-Дардаица абула жиндица кIал ккун бугин. Биххейин гьеби гьаб тIагIамги кванайин тIадги чIун кваназавула гьев. Гьедин къаси мехги щун, кьижизе заман щведал, Салмание вегизе бакIги хIадурун, сордо борчIизе къасд гьабула Абу-Дардаица. Вегайин абун хIал гьабун, гьев вегизе тIамула ва Салманица абула: «Нилъеда тIад буго черхалъе кьезе кколеб хIакъги, Аллагьасе ﷻ кьезе кколеб хIакъги ва хьизаналъе кьезе кколебги», – ян. Цинги гьал рогьинелде рахъуна, тIадеги мажгиталде уна. Абу-Дардаида ракIалда букIуна гьаб ккараб жо Аварагасда ﷺ бицине. Мажгиталда дандчIваравго Хирияс ﷺ гьесда абула: ***«Дуда тIад буго дурго черхалъе кьезе кколеб хIакъ, дуда Салманица абураб гIадин»***, – ян.

Шамалда къазилъун вугеб заман

Пумар асхIаб (р.гI.) халифалъун вугеб заманаялда Абу-Дардаъ витIулев вукIана Шамалде бетIерлъи гьабизе. Гьес гьелдаса инкар гьабуна. Пумар-асхIабас гьесда тIадчIей гьабидал Абу-Дардаица абуна: «Дуе бокьун батани дица гьезда Къуръан-хIадис малъизе, гьелгун какал разе, дун рази вуго Димашкъалде ине», – ян. Гьеб кьоялдаса байбихьун къватI-къватIазда, базаразда, кирго вагIзаби гьаруна Абу-Дардаица. Исламалъе цIакъ кIудияб пайда ккана гьесдаса Димашкъалда.

Шамалда Абу-Дардаъ вукIаго гьелъул ахIвал-хIал халгьабизе вачIана Пумар асхIаб (р.гI.). Къаси вилъгьана жиндирго гьудул Абу-Дардаихъе ваккизе. НуцIа рагьидал гьеб рахачIого батана ва рокъоб цIакъ бецIгоги бугоан. Гьасул хIатIазул хъваши рагIидал, Абу-Дардаица Пумар-асхIаб жинда аскIов гIодов вукIинавуна. Гьудулзабаз хабаралде байбихьана. БетIералъул рахъалда (Пумар-асхIабас хал гьабидал) чуялъул тIенкел бугоан, бусен бугоан ганчIазул цIураб ва тIад балеб жо бугоан Димашкъалъул квач нахъе чIвалареб. «Аллагь ﷻ гурхIад, дица дуе гIарац битIулаангури, гьаб щиб?» – ан ахIана Пумарица (р.гI.).

Цо нухалъ гьесда бихьана гIадамазул кьокъаялъ сверунги ккун, семулаго цояв кьабулев. Гьезда аскIовеги вачIун щиб ккарабан цIехана Абу-Дардаица. Гьас кIудияб мунагь гьабунин жаваб кьуна гIадамаз. Хадубги Абу-Дардаица абуна:

– Нагагьлъун гьав гьуялъув вортун вукIаравани нужеца хвасар гьавилааниш?

Гьавилаанин гьез абидал, Абу-Дардаица абуна:

– Гьедин батани кьабичIого, семичIого щай нужеца гьасие лъикIаб вагIза гьабулареб, нужго гьеб мунагьалде ккечIелъухъ щукруги гьабулаго? – ян.

Дур гьесда ццин бахъунарищ? – ан цIехана гьесда гIадамаз.

– Бахъунаро, гьеб гIамал тани гьев дир вац вукIине вуго, – ян жаваб кьуна Абу-Дардаица. Дов чияс гьаб хабар рагIарабго, гIодун гьаракь биччана, жинца тавбу гьабунинги абун.

Цо гIолохъанчияс гьарана Абу-Дардаида жиндие цо васият гьабеян. Я дир вас, гIатIилъиялъул дуца Аллагь ﷻ рехсе – ресукълъиялъуль гьесда мун лъала, мун гIалимлъун, ялъуни гьезда гIин балевлъун вукIа, ункъабилевлъун вугони мун гьалаглъила, Масжидги рукъалъун ккве дуца. Дида рагIана Бичасул ﷺ Расулас ﷺ абулеб: ***«Масжид щивав Аллагьасукьа ﷻ хIинкъулесул рукъ буго ва гьеб рукъалъун ккурав щивасе Аллагьас ﷻ кьола рахIмат ва сиратIалда бигьалъи»***.

МугIавиятица жиндир васасе Абу-Дардаил яс гьаридал, гьос инкар гьабуна. КIиабизе гьаридалги инкар гьабуна. Гьесдасаги хадув вачIарав цо Аллагьасукьа ﷻ хIинкъулев гIадатияв гIолиласе кьуна. Гьеб хабар халкъалда гьоркьоб тIибитIана ва киналго гIажаиблъи гьарун рукIана. Гьелъул гIилла щибилан цIехедал: «Гьелъие лъикIаб дица тIаса бищана. Халгьабе, гьалда сверун лагъзал, бечелъи бугони, кигIанасеб зарал гьалъул диналъе букIина ян».

Цо къоялъ гьесухъе зиярат гьабурав Пумар-асхIабасда гьесул бугеб язихъаб яшав бихьидал, дуе кумек гьабилищан цIеханила. Гьелдаса хадуб Абу-Дардаица абуна: «РакIалда бугищ, Пумар, халкъалъул Хирияс ﷺ абураб. Нужер щивасул гьаб дунялалъул чода рекIун унесул гIадаб гурони къайи-матахI букIунге абун». Гьедин кIиявго гIезегIан заманалъ гIодула.

Димашкъалда вукIадго Абу-Дардаица гьоркьоса къотIичIого малъана гIелму. Хвалил унтуда вукIадго, гьасде раккизе тIаде щвараб гьудулзабиялъ щиб унтулеб бугин гьикъидал, гьес абуна:

– Мунагьазул гьиралгIан захIматаб жо щибго гьечIо. Дие бокьараб ва хьул лъураб жоги – гьел мунагьал БетIергьанас ﷻ чури буго, – ян тIадеги жубана.

РухI бахъизегIан шагьадатти битIулаго къокъана жинда Аллагь ﷻ разилъаяв Абу-Дардаъ панаяб дунялги тун абадияб ахиратталде.

Мун ягIарулареи кин...?

ГIайшат НурмухIаммадова

Ассаламу гIалайкум, хирияй магIарулай,
МагIаруллъиялъул махI чIвана жакъа дудасан!
ШаргIалдаги рекъараб, черхалъеги рахIатаб,
ХIикматаб дур ретIелалъ тIаде ракI цIан ана дир.
Мун ягIарулареи кин бухIараб роол къоялъ,
Дур ясал шагьаралда цIа рекIун холел ругин!?
КIиго кIаз бан мун йиго, гьолда цониги гьечIо
ЦохIого мугIруз гурищ нужей тарбия кьураб?
Жакъа дуниялалда гьелъие гьогьенги тун,
Метер къоялъ цIадае мунги цадахъ ккеладай?
Дуца малъичIин абун багьанабиги рачун,
Мун цее къотIичIого ЖужахIалде инадай?
Дир берцинай, хIеренай, хIалимай магIарулай,
Малъе дуца ясалда, черх бахчи тIадаб букIин,
Гьумергун кверал хутIун хутIараб бакI баккани,
Бегьуларо шаргIалда, бухIула гьеб ЖужахIалъ!
МагIарул яхIги цIунун, цIаялдасаги хIинкъун
РетIа-къарай ясалъул адаб лъица рехулеб?
Бохдул-гъуждулги раккун, бетIерги цебе рехун,
Цее гьей чIараб мехалъ гIемерисел къанцула.
Я рабби, босизабе берцинаб шаргIалъул нух,
Берцинго ретIа-къазе гьесизаре мусудул!
Росабалъ, шагьаразда – кирехун ругониги,
Аллагьасукьа ﷻ хIинкъи рекIелъа ине тоге!

Дунялалда жиндир ахираб калам «Ла илагьа иллаллагь» бугев Алжаналде лъугьуна.
(ХIадис)

Огь – хвалил кьогIлъи

Балагьун гIорцIичIел берцинал берал,
ТIупиладай квас-квас канлъи къотIидал.
ТIаса къибла бищун рарал каказул,
Кири хъвалародай, я Расулаллагь.

Хвалие къачIараб жоги букIинчIо,
Гьениб хвасарлъулеб гIамал гьабичIо.
Бохдулъан хурхараб хвалил ургъелалъ
Дун тIаде гьесизе толевго гьечIо.

Дунял кIоченчIого гьабураб яшав,
Дун эниве щведал пайда щвеладай?
Нилъер гIамал хъвалеб хъахIаб кагътида,
Кирабазул гъуни хъвайги БетIергьан.

Мунагьалги гьарун ругьунаб кIал-мацI,
КантIи гьечIо гурищ гьаб гIаламалъул.
ГIелмуялда хадув хачаданиги,
Хабалъе босе жо дагьлъун буго дир.

ГIадада биччараб гIумрудул заман,
Зикру «Лаиллагьги» мукъсанлъун буго.
Мунагьалги цIикIкIун свакарав дида.
Дун Аллагьасукьа ﷻ нечон ккун вуго.

Хвел-хобалъул хабар хиралъаниги,
Халатаб гIумрудул гIей гьечIеб гIадат,
ГIададаго араб хирияб заман,
Хабалъе щвечIого къимат кин кьелеб.

Къаси дун кьижулеб тамахаб бусен
Хиси хIехьеладай чIегIераб ракьалъ.
Рукьбазда рекIараб дир тамахаб гьан,
ГIанкъра борхьихъе щвей гIайиб гуребищ.

Хинаб гуреб рокъоб ругьунаб дир черх,
ЦIорораб ракьалда ругьун ккеладай?
Кванан ругьунаб дир гIорцIи гьечIеб чехь –
Рикъзидул каваби кирго къан ругин.

Дир хIал бихьизеян хьвадулев чапар,
Лъил сураталдадай дида рещтIина?
Гьав гIадин витIарав вазир вугодай,
Нилъеда лъалелде гьоболлъухъ щолев?

Я ахIун гуро гьев, я абун гуро
Дир мискинлъиялда гурхIелго гьечIо.

Сайид-хIажи.
Шамиль район, Къваниб росу

Сабру гьаби гьунар

Сабру исламалъул берцинаб гIамал,
Бусурманаб рекIелъ бессараб лъикIлъи,
Квешлъиялде данде багъулеб ярагъ,
БацIцIадаб напсалъул камилаб сипат.

Сабру – сундасаго бергьараб гьунар,
Гьабизе кIваразе кIодолъи щолеб.
КIал-мацIалъул цIуни жиндилъ бальгояб,
Жинца квешлъиялде кIулал рахараб.

Ццим бахъун черхалъул чара хваралъуб,
Гьабураб сабруйин сангарлъун чIолеб,
ЧIахIиял балагьал нахъчIвазе нужей,
ЧIагольи гIемераб гIакълу бергьараб.

РакIалъул имангин черхалъул сабру,
Берцинаб гIамалин гIадамазда гьорлъ.
Кьварилъигун унти хIехьезе кIолеб,
КIудияб гьунарин гьеб нужер чорхол.

ЧIагольи гIемераб гIадлу битIараб.
ТIолго халкъ бахилаб хазина сабру.
Хведалги батулеб лъикIаб гIамалин,
Дунялалъул рокъоб рекъараб хьвади.

Тушмангун рекъезе къуват кьолеб мун,
Кьал ккараб бакIалде маслигIатги дур.
Аллагьасул къудрат къуватаб хIикмат,
Къабуллъи бергьараб гьунар кIудияб.

ХIажимурад ГъазимухIаммадов
Болъихъ район, Кванхидалъ росу

Гьедин ахIулеб буго...

Аллагьасул салам кьун,
Ссудулеб ракI гIеккедун,
ГIаламалъул хирияв
Нилъер Аварагасда.

Урхъараб свалатгин,
Салам битIун хIалккезин.
Агьлугун асхIабзаби,
ТIолго уммат гIаммлъараб.

Умматилан ахIулев
МухIаммадги лъалаго
Ясалгун васалаца
Как-кIал тезе бегьилищ.

Аллагьасул рахIматлъун
НигIматазулъ тIерхьарал,
ТIаса-масаго хьвадун
Бусурбаби тIубалищ.

Бегьулареб гьабуге,
Гьалагълъулеб гьекъоге.
Гьедин ахIулеб буго
Лъай бугел гIалимзабаз.

ТIарикъаталъул нухда
Нилъ тIоритIизе тарал
ТIагьаясул камилал
Устарзаби гIоларищ?

Зикру-салават битIун
ТIадегIанасул амру
ТIадаб буго нилъеда
Щибаб къоялъ тIубазе.

РабигIул авалалъул
АнцIила кIиабилеб
Аварагасе кIодо гьавун
БорчIизе ккела сордо.

Аллагьасе рецц гьабун
ШафагIаталде хьул лъун,
Хирияв МухIаммадил
ТIабигIат лъазе ккела.

Гьоркьохъеб лагаялъул
ЦIураб моцI гIадаб гьумер,
Мискалдаса гьуинаб
Черхалдаса чIвалеб махI.

ПасихIаб каламалъул,
ХIеренаб кIалъаялъул
Берцинаб гьаракьалъул,
ГьитIинаб гIамалалъул.

Садакъа къойил бикьун,
Мискинасда гурхIулев.
Гаргар-хабар дагь гьабун,
Ишалдалъун тIубалев.

ХIираалъул нохъода
Лъабго сон гургинлъарав.
Гвангъараб ссунареб цIва
КIочон тун бегьиларо.

Алжан-жужахI бихьарав
МигIражалде вахарав.
Кавсаралъул кверщел кьун,
Кинацаго баркарав.

КIочене бегьиларо,
Бадруялъул гьазават,
Малаикзабазул бояз
Гьурарал капурзаби.

УхIудалъул хIакъикъат –
Кьваридаб тарих нилъей.
Хириясул ахIухъе
АсхIабзабазул гьужум.

Гьазаваталъ лъукъ-лъукъун,
Чан нухада кIвекIарав,
ЖугьутIазул макрабаз
КигIан рагъ халалъараб.

Хайбаралъул гьазават,
Гьурун рарал жугьутIал,
ГIарац-месед гьоркьго тун,
ТIурааразул инжитлъи.

Чорхол рухIгIан хирияв
Халкъалъухъе витIарав.
Халикъасул бищунго
ЛъикIаздасаги лъикIав.

Бичасул Аварагас
КъулчIанщинаб гIакъуба
Къалмица хIехьеларо,
Кагьтица биччиларо.

Камилаб къуват кьеги,
ТIолго бусурбабазе,
Хириясул ﷺ суннат ккун
Адабалда хьвадизе.

КъурамухIаммад
СалихIов

Пикрабазул рахас

Щивас инсанасе Аллагьас кьураб,
Рикъзи гьесий щолеб махщел букIунеб.
Гьеб камиллъизаби нилъеда тIадаб,
ТIадегIанас лъураб налъиги бугеб.

Нагагь кIвар кьечIого гьеб рехун тани,
ТалихIалъ дур рокъоб бокIон кколареб.
Бичас кьураб дуца сан гьабичIони,
Баракаталъ дуде мугъги рехулеб.

Дунгун жиб бугилан ккезеги гьабун,
Ун батана гIумру аскIосан къотIун,
Бихьуда гьечIилан ккун букIараб хвел,
БукIун буго кибго цадахъ рагIадлъун.

ЦIалкIица буххулеб ралъдалго гIадин,
Батиларин ккана ахир сахлъидул.
БетIергьанас дие кьурал къоязул,
Къадаралъе гIорхьи вукIана гьечIин.

Килщазда гьоркьосан чвахулеб лъимлъун,
Ун батана сахлъи къо-мех лъикI гьабун.
Бахъараб гьороца араб хIулилъун,
Ана дир гIумруги заманалъ хъамун.

ГIумруялъго цадахъ букIинин ккараб,
ГIолил ригьалъ тана лъикIго вукIаян.
Лъилго кьванцилъе жиб лъугьунеб хъахIлъи,
Хъвазе дида гьечIин букIана кколеб.

БотIрол расулъ нагагь бихьани хъахIаб,
РахIму тун дица гьеб тIун рехулаан.
ТIаде щвана заман гьедин тIутIуни,
Щибго дир ботIрода рас хутIулареб

ТIолаздаго лъала гьаб гIумруялъулъ
Аслиябльун жидер сахлъи кколебльи.
Амма гIемерисез гьелъ жал тезегIан,
Гьабуларо гьелъул щибниги тIалаб.

Пашманлъиялъ дида гIемер бала къвал,
ГIумруялъулъ дурги букIанин завал.
БукIинчIо, гьедула, ракIалда дида,
Баргъич херлъиялъул хелин килщида.

Кинго гIадахъ дица босулароан,
БатIияб къисматалъ хьван батилилан.
Кьоял хехго ана, санал сверана,
Къунщби хъахIаб расалъ расун ратана.

Сверун хъахIаб расалъ дун восаниги,
РакIалъ гIолохъанлъун щибго рехичIо.
Херлъиялъул баргъич дица хуниги,
Хвел гIагарда бугин кколебго гьечIо.

ГIабдулашимов МухIамадшарип
Казбек район, Калининаул росу

ГАЗЕТАЛЪУЛ АДАБ ТЕЗЕ ХIАРАМАБ БУГО, ГЬЕЛДА АЯТАЛГИ ХIАДИСАЛГИ РУГО

Къиямасеб къоялъ цIадирбазда лъолеб жоялъул бищун бакIаб тIабигIат берцинлъи буго. (ХIадис)

ПатIиматги цIунцIраги

Марям ГIамирханова

«Гьале хIикмат, гьалда къватIибе бачIине кIвана! КингIаги гьалда тIаде бахъине кIолеб?» – ян гIажаиблъи гьабулей йикIана ПатIимат цIунцIраялде тIаде хъатI цIун ракьги балаго. Бахчулеб хIалалъ тIаде ракь балеб букIана ясалъ цIунцIраялде, гьебин абуни къватIибе бахъун бачIунеб букIана цо заманалдасан. Чанго нухалъ тIаде ракь бана ясалъ, щибаб нухалъ цIунцIра къватIибе бахъун бачIунеб букIана, къун чIезе ракIалда букIинчIо гьелда. «Цо гьалъул къуркьи гьечIолъиги бахIарчилъиги бихьуларищ?» – ин ракIалде ккана ПатIиматида. Цинги гьай жуяна ургъизе цоги цIияб батIияб жо щибдай гьабун лъикI гьеб цIунцIраялъул хIалбихьизе абун. Цойидасан гьалъул гIинда нахъа цо зузуй бахъана. Балагьидал – най боржунеб батана. Ясалъ квер хьвагIана гьеб нахъе къотIизе. ГьебсагIаталъ бачIанаха цо хеч къараб гIадаб бухIараб унти килщида хъван. «Аaaй!» – абун ахIдана ПатIимат. ЦIакъ квеш унтулеб букIана гьелда. Ракьгун ясандиги тун, яс екерана рокъое. НуцIил кIалтIа эхетун вугоан гьитIинав Рамазан. Яцалъе лъугьараб жоги бичIчIуларого гIажаиблъун, чIваркьизарун бералгун, Рамазан гьелъухъ валагьун чIун вукIана. Хадув живгоги гIодизе лъугьана. Гьеб параялъ тIаде ячIана эбел. ПатIиматил

гьорораб килищ бихьидал эбелалда бичIчIана ккараб жо. Гьелъ хех гьабун ясалъул килищалда къан букIараб хеч къатIибе бахъана ва цIер лъуна килищалда тIад. Дагьадагьабккун унти сасине жубана. Рамазанилги гьаракь къотIана.

– Гьанже бицея цо, щиб дуца гьабулеб букIараб наялъ хеч къазе? – ян гьикъана эбелалъ ПатIиматида.

– Щибго гьабулеб букIинчIо, – ян абуна ясалъ. – Дун гIицIго цIунцIрагун хIалей йикIана доб ракьул гьонода. ТIаде бачIун наялъ хечI къана дида.

– Кинаб хIай дуца цIунцIраялъулгун гьабулеб? – ян гIажаиблъана эбел. – ЦIунцIрабазда лъималгун хIазейищ лъалеб, гьел регIунищ рукIунел хIаял гьаризе? Рогьаралдаса рукIкIинегIан къойилго хIалтIулел рукIуна цIунцIраби.

– Дица гьелде тIаде ракь балеб букIана, цIунцIрайин абуни, кин бахъунги гьелда гъоркьа тIаде бахъун бачIунаан.

– ЧIая, чIая, цIунцIраялъищ дуда абураб гьединаб хIай гьабейин жиндиргунин?

– Кин гьелъ гьединаб жо абулеб, эбел, гьелда кIалъазе лъаларелъул! – абун гъорлъанго елъана яс.

– ЦIунцIрабазда кIалъазе лъаларин абураб жони дур мекъаб буго, гьез абулеб нилъеда рагIуларелъул ва бичIчIуларелъул. Амма жиндиргун хIай гьабейин гьелъги абичIеб мехалъ, дуда лъица абураб тIаде ракь балеб хIай гьелъие бокьун бугин? – ян гьикъана эбелалъ.

Гьеб суал жиндие эбелалъ кьелин ккун букIинчIо ПатIиматида, щиб жаваб кьелеб лъаларого чIун хутIана яс.

– Гьанже мун ургъея цо, дуе рекIее гIезе букIанищ лъица букIаниги дуде тIаде ракь балеб бугони?

– БукIинчIо, – ян бетIер кIобокIана ясалъ.

– БукIинчIеб батани, лъица дуда абураб цIунцIрае гьединаб хIай бокьун букIанин?

Чара къосарай ПатIимат кIветIги хIанчIулаго, гIодобе дализе бетIерги биччан, эхетун чIун хутIана. Эбелалъе кьезесеб жаваб гьелъул букIинчIо. Гьелда цебе бачIана доб жинца гIакъуба кьолеб букIараб цIунцIра ва пикру гьабуна: «Доб цIунцIраялъухъеги ун, тIаса лъугьаян гьаризе ккела», – ян.

– Гьелъищха дие мунагь щвараб? Наялъ хечги къазабун, Аллагьас ﷿ дун тамихIалде цIана, уйищ баба? – ян гьикъана ПатIиматица.

– Батизе рес буго, – ян жаваб кьуна эбелалъ. – Амма дуда лъай, Аллагьас ﷿ наял хеч къаялъе гуро рижун ругел. Гьезул жидерго хIалтIи букIуна – гьоцIо бакIари.

– Доб цIунцIраялда дида тIаса лъугьаян гьаризе ине бегьулищ, баба? – ян гьикъана ПатIиматица.

– Гьай-гьай бегьула. Рамазанги цадахъ ваче, гьесдаги бихьизе букIине цIунцIраби хIалтIулеб куц. ЦIунцIрабазе кьезе букIине цодагьаб чакарги босе цадахъ, – ян абуна эбелалъ.

ПатIимат хIалей йикIараб ракьул гохIда гьезда цIунцIра батичIо. «Ун буго!» – ян угьун хIухьел биччана ясалъ. Амма нухлул рагIалда гьелда бихьана мухъ гьабун доре-гьанире унел цо ишалде машгъуллъарал цIунцIраби. Свак тун хIалтIулел ругоан гьел. ПатIимат гьезде тIаде къулана.

– ЦIунцIраби! Доб цо цIунцIраялда дица тIаса лъугьаян гьарулеб бугин бице. ТIокIалъ гьелъие гIакъуба кьезе гьечIо дица, – ян абуна ПатIиматица. Яцалда хаду-хадув лъугьун Рамазанги вукIана: «Цунца, цунца! ГьечIо…», – абун гьелда хадув рагIаби такрар гьарулев. Гьесда жеги лъикI кIалъазе лъалароан, амма гьесдагицин бичIчIана цIунцIраби къварид гьаризе бегьуларебльи!

ГIумруялъул дарсал

ЦIадаса ХIамзат

II – бутIа

Воре, чIухIи гIодоб рехе,
ГIадамазул къимат гьабе,
ГIамал гьитIинавлъун вукIа,
Гьалмагъзабазе рухIги кье.

Дулъ гьечIеб рецц гьабунилан
Гьелдаса, воре, вохуге,
Бугеб гIайиб рехсонилан
Вихха-хочунги лъугьунге.

Живго жиндие гIурав чи
ГIадамазе басралъула,
Бохараб гьумер бугесул
Гьалмагъзаби гIемерлъула.

Гьуинаб рагIи бицани,
ГIадамасул ракI батула,
РакIги кверги гIатIидасул,
ГIумру берцинаб букIуна.

КигIан уяб букIаниги
Мунго дуцаго веццуге,
«Дун», «дие», «дир», «дица», йилан
ЦIекIал рагIаби рицунге.

Халкъалдаса тIадегIанлъи
ТIалаб гьабизе лъугьунге,
Вортани, бохдул унтулеб
Борхалъиялде вахунге.

Бараб ахIулъ яхI рехуге,
ВиххичIого цо хIал ккун чIа,
ХIамабагьадурлъи гьабун,
Балагьазде данде унге.

Дуда бацизе кIолареб
КIалтIуги рагьуге дуца,
КIалалъ бичизе кIолареб
ГарацIги бухьунге дуца.

Мун лъаларев чи гурилан
Кутак бихьизе гьабуге,
Бихьилин, рагIилин абун,
ГIадамазе хIинкъи кьоге.

Чияца къанцIвилеб хIалалъ
ЦIакъго виччунги вукIунге,
Къокъидго векилеб куцалъ
Квешго вакъванги вукIунге.

ГIадамасул тIадегIанлъи
РагIад гIадаб жойин бугеб,
Мун вортанагIан лъутулеб,
Мун лъутанагIан бортулеб.

РекIел гьава чIарбида лъе,
Гьагаб гIамал хIатIикь тIаме,
Рецц къваригIараб напсалда
Босун гъванщилъ бакIаб зар лъе.

Воре, дуца гьалмагъасе
Щибниги зарал гьабуге,
Зулмуялъ дур гIумруялъул
ГIурхъаби рукIкIинарулеб.

Мазлумасул рекIел унти
Тушман чIвалеб чIор букIин лъай,
Ятимасул берзул магIу
Загьру букIин кIочон тоге.

Муъминчиясе дунял туснахъ-рукъ буго, капурчиясе Алжан буго. (ХIадис)

Исламалъул тIалабал дица теларо...

Эбелги ясги

Исламияб университеталде лъугьине документалги кьун, росулъе тIадруссун рачIуна эменги ясги.

– **Яс:** Гьалеха, ячIана дун ракIги бохун, хIалги лъикIлъун, баркалаха, эбел, дуе дун гьение йиччаралъухъ.

– **Эбел**: Йилълъая, кIудияб гьунар гьабураб гIадин йикIинчIого, рукъ-бакI бакIарея, нилъеде тIаде гьалбал рачIине ругин.

– **Яс:** ГьабсагIат, эбел, щибго ургъел гьабуге, дуе бокьухъен гьабила кинабго.

– **Эбел**: Гьеб кIазги бахъе тIаса! Мун абизе рачIунел чагIи ругин гъол, гьеб дур хасият бихьани тIурун ине гурин.

– **Яс**: Эбел, дир хирияй, абуге дида гьеб рагIи! Цин бан, цин бахъун рехулеб жо гуро кIаз, гьеб буго щияй бусурманчIужуялъ базе кколеб жо. Дица дуе бокьанщинаб гьабила, малъарабги малъичIебгицин хIалтIиги гьабила, бегьулеб батани дида черх баккеян абуге.

– **Эбел**: Гьел руго бечедал, кьибил лъикIал, сверухъ мухъалдаго цIар рагIарал чагIи, гьезда цее дун суризаюге! БукIине кколеб хIалалъ ретIакъай!

– **Яс:** БукIине кколеб хIал буго, эбел, кIиябго кверги гьумерги хутIун кинабго черх бахчи. Исламияб университеталде ине къачIан йигей дун, ретIел ретIун йикIунеблъи гьезда лъалародай?

– **Эбел**: ГIемерай кIалъачIого, ма гьаб гьецIги, гьел кьунсрулги рукIалиде раче хехго!

– **Яс:** Кьунсрул ретIизе хIарамаб бугин абуна дида мугIалиматалъ.

– **Эбел:** Мун гьелъухъе йитIиго ракIалда бухIана дида, элда кибдай эдин хъван батараб?

– **Яс:** Киб хъван батарабилан дица цIехечIо, дие гьелъул рагIиги гIола, гьелъул хьвадиги гIола, эбел, гьей сундулъго мисал босизе рекъарай йиго.

– **Эбел:** Дун гьагай, мун цIодорайищха гьанже ккарай?

– **Яс:** Гуро, эбел, дие мун йокьула ва дур хIурмат гьабула, гьабизеги буго! Дица дугIаги гьабулеб буго дуеги, иншааллагь, тIинкIила дур рекIелъе Иман!

– **Эбел:** Хехго, нилъее заман гьечIо.

– **Яс:** БачIинахъего битIараб бицине ккелаха, эбел, гьезие. Дуца абе, киданиги дица шаргIияб ретIел бахъуларин ва Исламалде данде кколареб жо гьабуларин.

– **Эбел:** РуцIухIун чIун лъикIилан ккола дида, рагIиниги щулалъизегIан, риччантезе бегьулел чагIи гуро гьел!

– **Яс:** Диени исламияб гIелму цIаларав вас вокьилаан, амма нужехъги гIенеккилаха дун, дир мугъчIвайги Аллагьасде ﷻ буго.

– **Эбел:** Дица дуе босизе бугебщинаб къайи бихьила, ракIги бихьун хвела бихьанщинал.

– **Яс:** ЖахIда гьабизе бегьулароха, эбел. Диеги хIажаталдаса тIокIаб щибниги кIваричIо, ургъел гьабуге гьелъул. МагIишат кьолевги Аллагь ﷻ, кьураб бахъулевги Аллагь ﷻ, бугелда баракат лъеги.

Цинги эбел дагьалъ юцIцIун чIола, цо замалдаса рекIеда ятарай гIадин лъугьун, угьун хIухьелги биччан, абула:

– **Эбел:** Валлагь, гьанже дидаги кколеб буго, дир яс, дур кIалдисан бачIунебщинаб рагIи хIакъикъияб, цIодораб рагIи бугилан. БитIарабха, рихьизе жал гьаричIого, бугеб ресалдаги нилъерго хасияталдаги рекъон щай нилъ рукIунарел? Хадур, гьезул лагъзал киниги, эздаса нечон рукIинчIого рукIине.

– **Яс:** Дица дуда абулебщинаб жоялъул хIасил бугоха гьеб!

– **Эбел:** Гьедин гьабила. Бокьани гурони ячунге абе кIаз барай яс! Гьале дун йиго гурищ «современный», якьадалдаса вохун вукIа абе бахIаравги.

– **Яс:** Дир хьул буго, эбел, дуцаги кватIичIого шаргIияб ретIел ретIилилан, мун цIодорай, жо бичIчIулей гIадан йиго.

– **Эбел:** Гьеб рагIуде дуца нуцIа кьай! Бакуялдеги, Турциялдеги, Италиялдеги ратIлилъ жемарай дун ячIани, гьел киндай дихъ ралагьила?

– **Яс:** Гьение инчIониги мун тIуялелъул, эбел, Аллагьас ﷻ цоги рахъалъан кьеларищ нилъее боцIи, Гьев вугелъул ризкъи кьолев.

– **Эбел:** ЧIая, чIая! РачIунел рихьула нилъер гьалбал, хехго нилъерго ишалде русса!

– **Яс:** Гьаб хабар нилъеца хадуб бицина, эбел, иншааллагь!

Дир гъира букIана ислам лъазе...

Ассаламу гIалайкум хириял диналъул вацалги яцалги! Щибаб рецц ТIадегIанав Халикъасе ﷻ буго бищунго бацIцIадаб хIакъаб исламалъул нухде дун ккезе гьаюралъухъ. Дида цIар буго ПатIимат (Люда). Дун йиго гIурусай ва гьанибго абун толеб буго исламалде лъугьине ккани дур миллаталъги тIомалъул кьералъги щибниги квалквал гьабуларин. МухIаммад ﷺ Авараг вукIана гIарабав, амма гIарабав вукIанин абун цохIо Кьурайшияб тухум, гIарабазул миллат гуребги тIолго дунялалъулго халкъ ахIулеб букIана гьес исламалде. Жакъа дунялалда тIадго цебетIолеб буго ислам. Бищун гIемерал бусурбаби руго ГIагараб Гьоркьохъеб Востокалда, Гьоркьохъеб Азиялда, Кавказалда, Поволжиялда, Балканазда, Севералъул Африкалда, Индиялда, Индонезиялда ва цогидалги регионазда.

10 сон гIумруялъул бугеб заманалдаса нахъего дир гIишкъу букIана ислам лъазабизе. Цо нухалъ дарсида гIодор чIун рукIана лъималги дунги, цо жоялъул бицунев мугIалимги вукIана. Цойидасан дир гIинда хъван бачIана «Аллагь» ﷻ абураб калам ва гьебсагIатго ракIалде ккана дун Гьесда божизе кколин, гIибадатги гIицIго Аллагьасе ﷻ гьабизе кколин абураб жо. Гьеб лъугьа-бахъиналдаса нахъе кигIан гьитIинабниги баян балагьулеб букIана дица исламалъул хIакъалъулъ. Дагьабги заманалдасан, 12 сон бараб мехалъ, дида лъана как базе кколеб куц. БитIана шагьадатги. Амма доб мехалда шаргIияб гIакъидаялъул хIакъалъулъ щибго жо лъалароан дида, дун мекъи кколей йикIун йиго исламалъул хIакъалъулъ. Крачковскияс таржама гьабун хъвараб Кьуръаналъул тIехь цIалидал бижун букIана дир гьединаб пикру. Хадуб дида бичIчIана Кьуръан буссинабизе бегьунгутIи, тIубараб магIна гьелъул бицине кIунгутIи. Исламалъул хIакъалъулъ кинаб букIаниги баян рагIарал, жеги лъикIго лъай щвечIел, исламалде лъугьинчIел чагIазда лъазе букIине абулеб буго дица буссинабураб Кьуръан бугинги абун, бокьабокьараб тIехь цIализе бегьуларин.

Ислам босичIел, жеги гьеб битIараб нухде лъугьинчIел чагIаздеги юссун абизе бокьун буго дие божа нуж Аллагьасдаги ﷻ, Гьесул тIахьаздаги, Аварагзабаздаги ва гьез нилъехъе босун бачIараб гIелмуялдаги абун. Божа нуж Аллагьасда ﷻ, иншааллагь кIиябго рукъалъул талихIги щвела нужее, абадияб рохелги талихIги жиндилъ бугеб алжан щвеялде хьулги буго. Дица цIалулел рукIана исламалъул хIакъалъулъ батIи-батIияб тIахьал. Гьеб дир исламалде бугеб рокьи лъан вацас босун бачIана дихъе цо нухалъ исламалъул газета. ХIакъикъияб бусурбабаз хъвараб бацIцIадаб исламалъул газета цIалулеб букIана дица тIоцебесеб нухалъ. Гьеб букIана дие кIудияб рохеллъун. Гьелдасан дихъе щвана бусурбабазул жамагIат букIунеб бакIалъул адрес. Дица кьотIи гьабуна дирго лъай цIикIкIине, хIажатаб кумек гьарун гьезухъе ине бухьен ккуни лъикIаб букIинин.

Доб букIана 1994 соналъул хинаб маялъул къо. Щвана дун гьеб жамагIаталъухъе. ЦIакъ берцинго хIурматалда къабул гьаюна гьез дун: бицана исламалъул, Аллагьасул ﷻ, МухIаммад ﷺ Аварагасул, цогидал Аварагзабазулги хIакъалъулъ. Дида бичIчIана цебе исламалъул хIакъалъулъ букIараб пикру тIубанго битIараб букIун гьечIолъи, гьанже гурони рикьалаби гьечIеб, хIакъаб исламияб нухде дун ккун йикIун гьечIолъи. Гьебго заманалда шагьадатги битIун, исламалде ячIана дун. Киданиги цебе букIинчIеб тIадагьлъиги рохели букIана дир рекIелъе лъугьун, тIубанго хисанин абизе бегьила. Гьай-гьай гIага-шагарго гурони дир букIараб хIал бицун бажарулеб жо гуро, гьеб букIана жеги киданиги дир букIинчIеб талихIалъул цIураб рохалилаб асар. Гьелдаса нахъе дица яхI бахъулеб буго дирго диналъул хIакъалъулъ лъай борхизабизе, хIалал-хIарам батIа гьабизе, диналъ тIалаб гьабулеб тIолабго фарз тIубазе. Ислам жаниб гьечIеб ракьалда гьеб цIунизе кигIан захIмат букIаниги, хIаракат бахъула дица исламалда рекъон хьвадизе, алхIамдулиллагь, гьанже дир диналъул яцалги вацалги руго бокьараб жо гьикъизе бегьулел. Ислам гьечIеб ракьалда исламалда рекъон хьвадизе гьезиеги расги бигьа букIунаро, исламалда гьечIел вац-яцал, гIагарлъиги букIун. Дунго гIадал дин босарал бусурбаби руго нижер, амма иман-ислам гьечIеб ракьалда цIакъ захIмалъула кинабго цIунизе. Бугониги цоцазе кумек гьабун, захIмалъаби къинарун, хIажатаб гIакълу цоцае кьун, яхI бахъула нижеца битIараб нухда рукIине, МухIаммад ﷺ Аварагас абун бугелъул: *«Муъминчиясе дунял туснахъ-рукъ буго, капурчиясе Алжан (кинабго рахIат рекъезабураб бакI) буго»*, – ян. Гьединлъидал кигIан захIмат бугониги дицаги яхI бахъула ислам лъазабизе, дидаго лъан хадуб цогидазе бицине бигьа букIунелъул ва кириги буго.

2007 соналда хIаж борхизе иналъул талихIги щвана дие. Гьанжеги хьул буго доб гьайбатаб баракатаб ракьалде цоги нухалъ щвезе. Жеги исламалде лъугьинчIел, амма гьелъул хIакъалъулъ кинабгIаги баян рагIарал чагIаздехунги юссун дие абизе бокьун буго кватIизегIан чIечIого божа нуж Аллагьасдаян ﷻ, Гьесул Аварагазабазда, гьез босун бачIараб диналда. Жакъа нилъее кьун бугеб гьарзалъиялъухъ щукругин-рецц гьабизе ккола щивас ТIадегIанав Аллагьасе ﷻ. Гьеб щукру-рецц гьецин цохIо рагIабаздалъун гуреб, гьабулеб гIамалалдалъун, тIад гьабураб фарз тIубаялдалъун, рекIелъ бугеб иманалдалъун букIине ккола.

ХIурматиял диналъул вацалги яцалги, щулаго кквее нилъерго дин ва Аллагьас ﷻ кьураб бищун тIадегIанаб талихI – исламалда ратиялъухъ щукруги гьабе. Хирияв Аллагьасдаги ﷻ гьарулеб буго къуват кьеги диеги, диналъул вацалгун-яцазе динул ислам кквезе, бальгоялгин тIатарал исламалъул тушбабаздаса цIунаги, куфруялде ккеялдаса цIунаги, Кьиямасеб кьоялъ Аллагьасул ﷺ рахIму-цIоб цIикIкIаги нилъеда.

АлхIамдулиллагь, 1994 соналдаса нахъе исламалда йиго дун. Иншааллагь, хьул буго хвезегIан битIараб нух кквезе ва исламалда хвезе.

ПатIимат (Люда)

Гьумер хIадур гьабуна ДУМД-алъул руччабазул дагIватотделалъ

Нужеца мажгиталде иналдаса руччаби гьукъуге, амма гьезул рукъзал гьезие цIикIкIун лъикIал руго. (ХIадис)

Суалазе жавабал кьолел руго ДУМД–алъул къанунияб отделалъул хIалтIухъан Зайнуллагь–хIажи ХIамзатовас

ТIубараб соналъ кIал кквезе бегьулищ?

Хадижат, ТIаса-ЧIугIли росу

КIиябго гIидалъул къоги ташрикъазул лъабго къоги хутIун, тIубараб соналъ кIал кквезе, зарал ккеялда яги жинда тIадаб букIа яги суннатаб букIа хIакъ хутIиялда хIинкъи бугони, карагьатаб буго. Абу-Дардаидехун (р.гI.) Аварагас ﷺ абуна гьес абадалъго кIал кколеб бугилан гьесул чIужу мекълъараб мехалъ: *«ХIакълъунго дур БетIергьанасе дуда тIад хIакъ буго, дур агьлуялъеги дуда тIад хIакъ буго, дур черхалъеги дуда тIад хIакъ буго, дуца кIал ккве цо къоялъ, биччай хадусеб къоялъ, мун гIибадаталъе вахъа ва мун кьижа, хъизаналъул хIажат тIубай, щибаб хIакъалъул бетIергьанасе дуца кколеб хIакъ кье»*, – ян. Амма заралалда яги хIакъ хутIиялда хIинкъи гьечIонани, гьесие даимго кIал кквезе суннатаб буго. Гьел гIидалъул ташрикъазул къояз кIал ккевезе хIарамаб буго, ккуниги кIалалги рикIкIунаро. Гьаб хIинкъи гьечIезе сунатаб букIиналде тIоритIел гьабула хIадисалъ. Щив чи вугониги жинца даимго кIал ккун, жужахIалъул цIа гьесие къварилъула, ай гьениве гьев лъугьунаро яги гьелда жаниб гьесие бакI букIунаро. Цо къоялъ кIал ккун, цо къоялъ биччан гьабизе гьелдаса хирияб буго. *«Бищун хирияб кIал кквей Давуд (гI.с.) букIана: Жинца цо къоялъ кIал кколаан, цо къоялъ биччалаан»*, – ян абуна Аварагас ﷺ. (МахIалли, ХIашияту-Рамали).

Нажасаб релъеналъ белъараб, чурун бацIад гьабизеги кIолареб ретIел бичизе бегьулищ?

Каримуллагь ХIасанов, Нечаевка росу.

Даран гьабиялъул шурутIаздасан буго, жиб бичулеб жо бацIцIадаб букIин, яги жиб нажаслъараб бугони бацIцIад гьабизе кIолеб букIин. Жиб нажасаб жо бичизе бегьуларо масала: гьой, болъон гIадаб, жиб бацIцIад гьабизе рес гьечIеб яги кIолареб жоялъулги даран чIоларо; нажаслъараб, къанцIанах гIадаб ва гьелдаго релълъун букIуна нажасаб релъеналъ белъараб, бацIцIад гьабизе кIолареб ретIелалъулги хIукму.

(Танвирул Къулуб, Фатава Рамали).

Какие чури гьаб умматалда хасаб жойищ яги цогидал умматазда чурулеб букIанищ?

Алхас Камилов, Болъихъ росу.

Какие чури тIубанго гьаб умматалда хасаб жо гуро, гьаб умматалда хасаб жо ккола гъурат ва тахIжил гьаби, (гъурат ккола – гьумералъул чуризе тIадаб къадаралдаса цIикIкIун чури. ТахIжил ккола кверал-бохдузтIаддаб къадаралдаса цIикIкIун чури). Амма цере рукIарал умматазул аварагзабаз гурони какие чурулеб букIинчIо, гьединлъидал нилъеда жакъа къоялъ ягьудияз яги насранияз какие чурулеб бихьуларо, гьеб рахъ хал гьабун какие чури нилъер умматалда хасаб буго. Гьединлъидал СуютIияс какие чури рехсана гьаб умматалъул хаслъабаздаса. Гьелде тIоритIел гьабула какие чурун лъугIараб мехалъ Аварагас ﷺ абураб рагIиялъ: *«Гьаб дир какичури буго ва дида цере рукIарал аварагзабазулги какичури буго»*, – ян. Гьалъулъ гьаб МухIаммадил ﷺ умматалъе дозул умматазе щвечIеб хиралъи буго, жал какие чуриялъулъ аварагзабазда ращад гьариялдалъун. (Фатава Халилия)

Руччабазе как жамагIаталда мажгиталда баялдаса рокъоб бараб лъикIаб бугин абулеб буго, гьеб гьедин бугищ?

Салман Расулов, Дилим росу

Шагьаралда яги росулъ бихьинал ругеб бакIалда жамагIат гьабун как базе фарзу кифаят буго, амма руччабазе суннат буго. Бихьиназе мажгиталда жамагIат гьабун как базе цIикIкIун хирияб буго. Руччабазе масжидалда жамагIат гьабун баялдасаги рокъоб жамагIат гьабун базе цIикIкIун хирияб буго. Жидер черх, сифат берцинал гIолохъанал руччабазе мажгиталде жамагIат гьабун как базе ине карагьатаб буго, амма гьел сабаблъун фитна ккеялда, бихьинал руччаби цоцахъ балагьиялда хIинкъи бугони, хIарамаб буго. ГIаишатица (р.гI.) абуна: «ХIакълъунго Аллагьасул ﷻ Расуласда ﷺ бихьарабани гьесда хадуб руччабаз гьабулеб цIиургъарал жал гьес гьел гьукъилаан мажгиталде рачIиналдаса жидер заманаялъ бану исраилазул руччаби гьукъарал гIадин. ГIолохъанал гурел, черхгун сипаталъулъ берцинлъи гьечIел, питнаялда хIинкъиги гьечIел руччабазе мажгиталде жамагIат-как базе ине бегьула, росасул, инсул, вацасул изнуялдалъун, амма рокъобго базе хирияб буго. Ваамма гьаб хабар гIемерисел руччабазда бичIчIуларо. Хирияв Аварагас ﷺ абуна: *«Нужеца мажгиталде иналдаса руччаби гьукъуге, амма гьезул рукъзал гьезие цIикIкIун лъикIал руго»*, – ян. Аллагьас ﷻ тавфикъ кьеги. (ТухIфатуль ХIабиб, ШархIул ХатIиб, Ан-нисаият).

МахIачхъалаялде къватIиве вахъаниги, метер боголил какде рокъове щолев вугони, сордоги бан, нухдаги шагьаралдаги как базе бакIалги ресалги руго, машинаги буго, какал кин разе лъикIаб бугеб, къокъ гьарун данде росунищ, ялъуни тIуразарунищ щибалъул гIужда?

Хасбулат МухIаммадов, БацIада росу

Сапаралде вахъарав чияс как къокъ гьабизе бегьула сапаралъе бихьизабураб къадар кIиго мархIала батани, гьебги гIага-шагарго 82 км. ккола. Сапар хIалалаб, жиндилъ гIасилъи гьечIеб букIинеги ккола. Гьаб бихьизабураб къадаралъул манзилалда сапар бугев чиясе лъикIаб буго как тIубазабун данде босичIого тезе, амма:

1) Лъабго мархIала 123-ялде км, гIага-шагарго сапаралъул манзил щолеб бугони, как къокъ гьабизе лъикIаб буго нухда ругел ресал ва бигьалъабазухъ балагьичIого.

2) Жинда хадур гIадамал рилълъунев чиясеги хирияб буго как къокъ гьабизеги данде босизеги (гьеда нахърилълъаразда как къокъ гьабизеги данде босизеги лъазе).

3) Как данде боси къокъ гьабиялда щаклъи, васвас бугев чиясеги хирияб буго данде босун ва къокъ гьабун базе (васвас инабизе букIине).

4) Как къокъ гьабиялдалъун ва данде босиялдалъун жамагIат щвезе рес бугев чиясеги хирияб буго гьедин базе. (ФатхIул ГIаллам)

Тагьажуд базе вахъине бокьарав чияс витру нахъ тIамунищ телеб яги боголил какда хадубищ балеб, кьижун хутIун сардилъ ворчIулев гьечIони?

Жаруллагь СалихIов, Хасавюрт шагьар.

Сордоялъул ахиралда ворчIиялде божи бугони, гьесие хирияб буго витруялъул как тагьажудалъул какалдаса нахъе бахъун, сордоялъул ахиралда базе тезе, ворчIиялда божи гьечIони, гьеб хехго базе хирияб буго. Кьижун хутIун витру хутIарав чиясе гьеб бецIизе суннатаб буго кинаб гIужалъ бугониги. (Фатава Рамали)

Радио-телевизоралдасан суждаялъул аят цIалулеб рагIани, Къуръан цIалиялъул (тилаваталъул) сужда тIалъулищ?

ГIизраил АхIмадов, Гъуниб район.

Сужда гьабиялъул аят цIалун хадуб сужда гьабизеги сунатаб буго гьеб цIаларасеги рагIарасеги. Сужда гьабизе рес гьечIониункъго нухалъ гьал рагIаби абила: **СубхIаналлагьи валхIамдулиллагьи ва ла илагьа иллаллагьу валлагьу Акбар**.

Суждаялъул батIи-батIиял аятал цIалани щибалъе сужда гьабила, цо мажлисалда цого аят такрар гьабуни, цо сужда гьабиялъ гIей гьабула. Амма суждаялъул аят радио-телевизоралдаса рагIани, сужда гьабизе суннатлъуларо. (Фатава Рамали, Фатава МугIасара.)

ГАЗЕТАЛЪУЛ АДАБ ТЕЗЕ ХIАРАМАБ БУГО, ГЬЕЛДА АЯТАЛГИ ХIАДИСАЛГИ РУГО

Лагъас «Я Рабби» абун ункъго нухалъ абураб мехалъ, ТIадегIанав Аллагьас абула: «Дун духъ гIенеккун вуго, я дир лагъ, гьаре дуца, Дица кьезе буго дуца гьарараб жо». (ХIадис)

Аллагьасул ﷻ берцинал цIарал

МухIаммадгIариф Рамазанов
ЧIикIаб СагIид-афандиясул цIаралда бугеб институталъул мугIалим

АС-САМАДУ

ХIажалъи ккараб мехалъ жиндихъе рачIунев ва къваригIел ккараб мехалъ жинде къасдги гьабулев, кинабго жоялъул кверщел жиндихъ букIиналъе гIоло.

ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Жиндир лагъзадерил диниял ва дунявиял мурадазулъ жинде руссуневлъун гьавурав ва жиндир квералдалъунги мацIалдалъунги гьезул хIажаталги тIуралев чи, гьев ккола гьаб «ас-самад» абураб сифаталдаса бутIа жиндие щварав чи. Амма мутIлакъав «Ас-самад» гьев ккола киналниги хIажатазулъ жинде къасд гьабулев чи. Гьевги ТIадегIанав Аллагь ﷻ ккола.

АЛ-КЪАДИРУ, АЛ-МУКЪТАДИРУ

Гьаб кIиябго сифаталъул магIна ккола жиндир хIалкIолъи бугев абураб, амма «ал-мукътадиралъул» магIна цIикIкIун ракIа-ракьанде щвараб буго. ХIалкIолъийилан абула жиндир гIелмуялда ва мурадалда рекъон цо жо батизабиялда. ХIалкIолев чи ккола жинца бокьани гьабулев, бокьичIони гьабичIого толев. МутIлакъав «Ал-Къадир» ккола жинца кинабниги жо батизабулев, цогиясул кумекалде щибго хIажалъиги гьечIого. Гьевги ТIадегIанав Аллагь ﷻ ккола.

Лагъасулъги букIуна къудратилан абураб сифат, амма гьеб мукъсанаб букIуна. Щайгурелъул гьесда цо-цо жоялде гурони хIалкIоларелъул. Гьебги Аллагьас ﷻ гьев сабаблъунги ккун гьабун букIуна.

АЛ-МУКЪАДДИМУ, АЛ-МУАХХИРУ

Жинца цере ккезарулев ва нахъе ккезарулев, ай гIагар гьарулев ва рикIкIад гьарулев. Жинца гIагар гьавурав чи, гьев ккола Жинца цеве ккезавурав чи. Жинца рикIкIад гьавурав чи, гьев ккола Жинца нахъа ккезавурав чи. ТIадегIанав Аллагьас ﷻ Жиндирго Аваргазаби ва вализаби цере ккезаруна, гьел Жиндего гIагар гьариялдалъунги тIоритIиялдалъунги. Гьединго тушбаби нахъе ккезаруна, гьел жиндасаго рикIкIад гьариялдалъунги, Жиндаги гьездаги гьоркьоб пардав гьабиялдалъунги. Дуца абуни, гьезул цере ккей ва нахъе ккей гьезул сифатазулъ бугеб камиллъиялдалъун ва мукъсанлъиялдалъун бугин абуни, щивха кколев гIелмуялдалъунги гIибадаталдалъунги гьел камиллъизарурав чи? Гьединго лъицIа гьел битIараб нухдасаги нахъчIван мукъсанлъизарурал? Гьеб кинабго жо гьабулев чи ккола ТIадегIанав Аллагь ﷻ. Гьев ккола Жинца даражаялъул рахъалъ цереги ккезарулев ва нахъеги ккезарулев. Гьалда жаниб буго ишара цониги чи жиндирго гIелмуялдалъунги гIамалалдалъунги цеве яги нахъеккунгутIиялде, Аллагьас ﷻ цеве ккезавуни яги нахъе ккезавуни гурого.



АЛ-АВВАЛУ, АЛ-АХИРУ

Жив Авалав ва Ахирав. Авалаб жо авалаблъун букIуна цониги жоялде дандеккун. Гьадинго ахираб жо ахираблъун букIуна цониги жоялде дандеккун. Гьеб кIиябго цоцада данде бугеб кIиго жо ккола. Гьединлъидал цо жо, цого рахъалдаса ва цого жоялде дандеккун авалабги ахирабги букIунаро. Киналниги мавжудатазул ратиялъулъ бугеб тартибалъул хал гьабуни, ТIадегIанав Аллагь ﷻ авалав вуго. Щайин абуни, гьел киналго жалазул рати ГьесдалЪун буго. Гьевин абуни, живго жиндалъунго ватарав вуго. Гьединго, Гьесде унеб нухалъулги, гьенир ругел даражабазулги хал гьабуни, Гьев ахирисев вуго. Щайин абуни, Гьев ккола гIарифунал жинде рахунеб даражаялъул ахирисев. Гьев лъазегIан цебе Щвараб лъай ккола, Гьев лъаялде рахунеб нух. Бищун ахирисеб даража ккола ТIадегIанав Аллагь ﷻ лъай. Гьединлъидал, тIадегIанав Аллагь ﷻ ахирисев вуго жинде унеб нухалъул рахъалъ. Авалавги вуго ватиялъул рахъалъ.

«Ассалам» газеталде

Ассалам газета – лъикIаб хазина,
ЩIунизе рекъараб бацIцIалъи къураб.
КъучIаб калам хъвалеб, хIакъаб бицунеб,
Къечалъ рухIулеца гьекъолеб зам-зам.

Заманалда рекъон ихтияр щведал,
Исламгун гьудуллъи гьабураб басма.
Берцинлъи тIокIлъараб бацIцIадаб хъваялъ
Хъвалел гьудулзаби гьунар тIокIал дур.

Дингун исламалъул гIадлу битIараб,
БацIцIадаб малъулеб лъикIлъи гIемераб,
Тарбия рухIияб, гIамал берцинаб,
ГIадамазул рекIел дарулъидал мун.

ГIалимзабаз хъвараб гIакъилаб рагIи –
ГIемерлъаги дуе даимго гьанже.
Дуниял хиралъун халкъ къосун ккедал,
Къуват кьеги дуе къосин гьукъизе.

Сундасанго рохел хал гьабулезе
Берцинаб калам дур кантIизарулеб.
Гьабулеб дунялгин хадуб ахират
Холареб хIалалда хIалтIейин хъвараб.

Чанги жагьил вугин дуде гIашикълъун
Мун кодоб цвагиян шавкъгун цIализе,
РацIцIалъи цIунулеб цIодорлъи щвезе
КъваригIунебщинаб мухIканго лъазе.

КъучIаб гуреб калам хъвалареб кагъат
Хъублъизе тогеги Аллагьас гьанже.
Дуца къураб салам буссинабулел
Бусурбаби цIикIкIун цIилъаги хIалтIи.

ХIажимурад ГьазимухIаммадов
Болъихъ район, Кванхидалъ росу

Кинаб лъикIаб гIамал цIикIкIинабураб нужеца гьал хириял моцIаз?

Ассаламу гIалайкум варахIматуллагьи, валлагьи, дица хIаракат бахъулеб буго кIвараб хIалалда дирго квешалщинал гIамалал лъикIаб рахъалде руссинаризе, дир божиги буго Аллагьасул ﷻ кумекалдалъун дида гьеб бажарилин, иншааллагь. Аллагьас ﷻ киназего тавпикъ кьеги лъикIаб ккун квешаб тезе. Амин.

8-988…48

Дунго веццун абулеб жо гуро, бугониги цогидазеги мисалалъе букIине бицунеб буго. Дица хьалиян тана. Цакъго бокьун бугони, Аллагьасукьа ﷻ хIинкъиги рекIелъ цIикIкIунеб бугони, бокьараб мунагь тезе кIолин ккола.

8-928…45

Дица гьал хириял моцIазул хIурматалъе гIоло щулияб къасд гьабуна гIаракъи тезе. Иншааллагь Аллагьас ﷻ кумек гьабилеб батила дие.

8-964…39.

Гьал моцIаз дица хIаракат бахъана дидаго букIараб налъи бецIизе.

8-928…63.

Дирго лъималазда как базе, иман-ислам малъана, дицагоги хъизаналъги Къуръан такрар гьабулеб буго.

8-988…04.

Ассаламу гIалайкум! КигIан гьабураб гIамал бицине рекъечIониги, цIехон бугелъул бицунеб буго, дун тIаса лъугьана дие кинабниги зарал-къварилъи гьабуралщиназдаса, Аллагь гьездаги, тIолго МухIаммадил ﷺ умматалдаго гурхIаги.

8-903…91

Хадусеб номералъул суал:
РукъалдагьечIелруччабигIемерлъиялъул зарал сундалъун нахъчIвалеб?

НужергопикрабиSMS-хIисабалдаритIизебегьулагьаб номералде: 8-988-291-64-63, яги гьаб электроннияб адресалде: vop-a@mail.ru

Нилъ киналго Аллагьас ﷻ рижарал руго, ахир Гьесде руссинеги руго

Медицинаялъул гIелмабазул доктор, Дагъистаналъул гIелмияб академиялъул академик, Халкъазда гьоркьосеб Авиценал академиялъул академик, Россиялдаго цIар рагIарав терапевт, профессор **Хархаров МухIамад Абусупянович** нилъедаса ватIалъана исана соналъул июнь моцIалъ. Гьеб ками кIудияб камиллъун ккана Дагъистаналъе. ГIемераб лъикIлъи, гIаданлъи гьабуна Хархаров МухIамадица жиндирго гIумруялда жаниб халкъалъул сахлъи цIуниялъул, медицина цебетIеялъул рахъалъ. Аллагьасул ﷻ кумекалдалъун сах гьаруна гIемерал унтарал. Жиндирго гIаданлъиялъул дарс малъун тарав, иман-исхI рекIелъ бугев, хIажатасе ватулев, лъикIав мъуминчилъун вахъинавуна гьес жиндирго вас Абусупян Хархаровги. Къалбазда рекъараб букIунелъул гьотIода тIад бараб пихъги, инсудаса нахъе ккечIеб къимат буго васасулги дагъистаниязда гьоркьоб. Гьесдаги, гьесул гIагарлъиялдаги Дагъистаналъул Динияб идараялъ, «Ас-салам» газеталъул хIалтIухъабаз, тIолго бусурбабаз ракI-ракIалъулаб пашманлъиялъул зигара балеб буго Хархаров МухIамад Абусупянович нилъедаса ватIалъиялдалъун. Аллагьас ﷻ мунагьалги чурун иманалда тIовитIарав ватаги, гIадамазе гьабураб лъикIлъи аза-азар даражаялде бахинабеги. Гьесда хадур инесел нилъерги рухI иманалда тIобитIаги. Амин.